O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA`M ORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG`I’ QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Fakultet dekani’:

__________f.i.k. Q.K.Turdi’baev

«____» _____________ 2014-j.

5220100 - Jurnalistika (Xi’zmet tu’rleri) bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Reymova Zamirani’n’ **«Baspa g’alaba qurallari’ni’n’ tipologiyali’q wo’zgeshelikleri»** degen atamadag’i’

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Kafedra basli’g`i’: t.i.k. D.Bekbawliev    Ilimiy basshi’: t.i.k. D.Bekbawliev

____________________    ____________

(qoli’)    (qoli’)

«___» _______ 2014-j.

**No`kis – 2014-ji’l**

## Ma`mleketlik attestaciya komissiyasi'ni'n`

## QARARI' :

5220100 - Jurnalistika (Xi'zmet tu'rleri) bag'dari'n pitkeriwshi Reymova Zamirani'n' **«Baspa g'alaba xabar qurallari'ni'n' tipologiyali'q wo'zgeshelikleri»** degen atamadag'i' pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na "_____ " bahasi' qoyi'lsi'n

**MAK baslig`i' :** ___________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

**MAK ag`zalari' :**

___________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli') (f.i.sh)

# Mazmuni':

**Kirisiw**

**I bap. Gazeta – g'alaba xabar qurallari'ni'n' tiykarg'i' tu'ri si'pati'nda**

I.1. Ja'miyetlik siyasiy gazetalar

I.2. Qa'nigelesken gazetalar

I.3. Tarmaq gazetalari'

**II bap. Kitap basi'li'mlari' ha'm jurnallar baspa g'alaba xabar qurallari'ni'n' bir tu'ri si'pati'nda**

**III bap. İnternet tarmag'i'nda baspa g'alaba xabar qurallari'.**

**Juwmaqlaw**

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi**

# Kirisiw

**Temani’n’ aktualli’g’i’**. Tan’lag’an temami’z ati’nan ko’rinip turg’ani’nday wo’zinin’ aktualli’g’i’ ha’m a’hmiyetliligi menen ko’zge taslanadi’. Sebebi, O’zbekistan Respublikasi’ wo’z g’a’rezsizligine yerisken da’slepki ku’nnen baslap-aq, g’alaba xabar qurallari’na, a’sirese, baspaso’zdin’ rawajlani’wi’na ayri’qsha itibar qaratti’. Wolardi’n’ tipologiyali’q ko’p tu’rliligine yerisiw, yerkin demokratiyali’q ja’miyetti jetilistiriw bag’dari’ndag’i’ reformalardi’ a’melge asi’ri’wda wog’ada u’lken rol woynag’an baspaso’zdin’ qa’liplesiwi, wolardi’n’ huqi’qi’y tiykarlari’n jarati’w ha’m jetilistirip bari’w bag’dari’ndag’i’ da’slepki qa’dem ha’m bul bag’dardag’i’ qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’iw joli’ndag’i’ belsendilik penen ali’p bari’lg’an gu’resler ha’m bul gu’reste qa’liplesken g’a’rezsiz ma’mlekettin’ jawi’nger jurnalistleri, wolar jaratqan do’retiwshilik jumi’slar, g’a’rezsizlik da’wirinin’ haqi’yqi’y qaharmanlari’ temami’zdi’n’ aktualli’g’i’n ja’ne bir ma’rte ko’rsetip beredi. Solay yeken, biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ baspaso’zinin’ g’a’rezsizlik da’wiri (derlik 20 ji’ldan aslam) baspaso’zinin’ tipologiyali’q wo’zgesheligin ashi’p beriwge ha’reket jasaymi’z. Bu’gingi ku’nde Qaraqalpaqstan respublikasi’nda ma’mleketlik dizimnen wo’tken g’alaba xabar qurallari’ni’n’ sani’ 60 qa shamalas bolsa, solardi’n’ ishinde ku’ndelikli baspaso’z ja’miyetlik siyasiy gazetalar, qalali’q, rayonli’q, tarmaqli’q sonday-aq, jeke menshik gazetalar boli’p bir neshe tu’rlerge bo’linip jetedi. Bularg’a bu’gingi ku’nnin’ ko’z qarasi’nan qatnas jasaw ha’m ilimiy ko’z qarastan baha beriw aktual ma’sele yesaplanadi’. Soni’n’ menen birge baspaso’zdin’ tipalogiyali’q wo’zgesheliklerin u’yreniw ha’m jetilistiriw ma’mleketlik ko’lemdegi u’lken a’hmiyetke iye ma’selelerdin’ biri boli’p qalmaqta. Ma’selen, O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 2014-ji’l 28-fevral sa’nesindegi

ma'jilisinin' №66 protokoli'nda bul ma'selege ayi'ri'qsha itibar qaratadi' ha'm bul bag'dardag'i' jumi'slardi' jetilistiriw talap yetiledi.

Wonda, «Milliy informaciya ma'kani'ni'n' analizi respublika ma'mleket ha'kimiyati' ha'm basqari'w organlari' baspaso'z xi'zmeti, g'alaba xabar qurallari', kitapbaspasi'ni'n' tipografiya tarawlari' ha'm de jurnalist kadrlardi' tayarlaw ha'm de wolardi'n' jumi's penen ta'miyinlew bag'dari'ndag'i' bir qatar aytarli'qtay kemshiliklerdin' bar yekenligi, bul jag'day ma'mleketimizde informaciya qa'wipsizligi ushi'n qa'wip tuwdi'ri'wshi' mashqalalardi' keltirip shi'g'ari'wi' mu'mkin yekenligi qatan' yeskertildi. Baspaso'zdin' tiykarg'i' buwi'nlari' rayonli'q ha'm de qalali'q ha'kimiyat organlari'n xi'zmetindegi kemshilikler keskin si'ng'a ali'ndi'. Qaraqalpaqstan baspaso'zi de bul mashqalalardan ji'raq yemes yekenligi ko'zge taslanadi'. Wolardi' saplasti'ri'w bu'gingi ku'n ushi'n yen' aktual ma'selelerden yesaplanadi'. Temami'zdi'n' aktualli'g'i' da usi'nda.

Prezidentimiz İ.A.Karimov 2010-ji'li' 12-aprel Oliy Majlistin' Ni'zamshi'li'q palatasi' ha'm Senatti'n' Qospa ma'jilisinde jasag'an bayanati'nda ma'mleketimizde bali' ha'reketke keltiriw, woni' keltiriwshi mexanizmlerinin' biri ma'limleme tarawi' reformalasti'ri'w bag'dari'ndag'i' pikir ha'm usi'ni'slari'nda: Yen' da'slep, g'alaba xabar qurallari'ni'n' rawajlani'wi'n ta'miyinlewge qarati'lg'an, demokratiyali'q talap ha'm standartlarg'a juwap beretug'i'n bekkem ni'zamshi'li'q bazasi' jarati'ldi'. Bul da'wirlerde, g'a'rezsizlikke yerisken jigirma ji'ldan aslam waqi't ishinde g'alaba xabar qurallari'n yerkin ha'm jedel rawajlandi'ri'wg'a, ma'limleme tarawi'ni'n' na'tiyjeli xi'zmet yetiwshi ta'miyinlewshi 10 nan aslam ni'zamlardi'n', 40 tan aslam pa'rman ha'm qararlardi'n', 600 den aslam Ni'zam asti' normativ huqi'qi'y hu'jjetlerdin' qabi'l yetilgenligin atap wo'tken yedi».[1]

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды еле де жетилистириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў консепсиясы». «Еркин Қарақалпақстан», 2010-жыл, 16-ноябрь

Aldi’n’g’i’ awqamli’q da’wirden pu’tkilley qali’wshi’ g’a’rezisizlik da’wiri Qaraqalpaqstan baspaso’zi ha’m wolardi’n’ tipologiyali’q wo’zgesheliklerin wolardi’n aldi’na qoyg’an maqset ha’m wazi’ypalardi’n’ talaplari’n belgilep beredi. Al, bizin’ **pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’** to’mendegilerden ibarat:

- G’a’rezsizlik da’wiri Qaraqalpaqstan baspaso’zinin’ tipologiyali’q wo’zgeshelikleri ha’m wo’zgesheliklerin u’yreniw;

- g’arezsizliktin’ da’slepki ji’llari’nda baspa g’alaba xabar qurallari’nda ju’z bergen mashqalalardi’n’, wolardan shi’g’i’p ketiw ushi’n izlenislerdin’ na’tiyjelerin ashi’p beriw;

- Baspa g’alaba xabar qurallari’n tu’rlerge duri’s bo’liw ha’m wolardi’n’ xi’zmetine bu’gingi ku’nnin’ ko’z qarasi’nan baha beriw;

- Respublikali’q, qalali’q, tarawli’q, rayonli’q, sonday-aq, jeke menshik gazetalardi’n’ do’retiwshilik ja’ma’a’ti jumi’slari’na duri’s baha beriw, wolardi’n’ kemshiliklerin ko’rsetip beriw, soni’n’ menen birge, wolardi’ saplasti’ri’w boyi’nsha ani’q usi’ni’slar beriw;

- O’zbekistan ko’leminde yen’ aldi’n’g’i’ zamanago’y ta’jiriybelerge ha’m wog’ada u’lken woqi’wshi’lar auditoriyasi’na iye bolg’an gazetalardi’n’ jetiskenliklerin jergilikli gazetalar menen birgelikte, sali’sti’rmali’ analizlew;

- Ja’miyetlik siyasiy, qalali’q, tarmaqli’q, rayonli’q gazetalardi’n’ tematikasi’, problematikasi’na sali’sti’rmali’ baha beriw g’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’ndag’i’ ha’m jigirma ji’ldan son’g’i’ jetiskenlikler, mashqalalardi’ sali’sti’rmali’ u’yreniw;

- Gazetalardi’n’ ekonomikali’q-finansli’q jag’daylari’na sali’sti’rmali’ analiz jasaw arqali’, wolardi’n’ jumi’slari’n jetilistiriwge qarati’lg’an usi’ni’slar beriw;

- Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’n Ku’ndelikli baspaso’zdin’ tipologiyali’q wo’zgesheliklerin ha’r ta’repleme u’yreniwge qarati’lg’an woqi’w qollanba

da'rejesine jetkeriw bizin' aldi'mi'zg'a qoyg'an maqset ha'm wazi'ypadan ibarat.

**Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'ni'n' ilimiy jan'ali'g'i'.** Biz tan'lag'an pitkeriw qa'nigelik jumi'si' bag'dari'nda ani'q izertlengen ilimiy jumi'slardi' ushi'ratpaymi'z. Ayi'ri'm pitkeriw qa'nigelik jumi'slari'nda, ma'selen Begalieva Malikani'n' «Qaraqalpaqstan baspaso'zinin' tipologiyali'q wo'zgesheligi» (2013-ji'li') atamasi'ndag'i' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'nda tek bu'gingi ku'nnin' ko'zqarasi'nan gazetalardi'n' tu'rlerge bo'liniwi u'yrenilgen. Bizin' aldi'mi'zg'a qoyg'an maqsetimiz ha'm ilimiy jan'ali'g'i'mi'z ilimpazlari'mi'z na'zerinen bir shette qali'n'qi'rap kiyati'rg'an g'a'rezsizlik da'wiri Qaraqalpaqstan baspaso'zinin' tipologiyasi' basqi'shpa-basqi'sh u'yreniledi. Bul bag'darda mashqalalardi'n' sheshimleri, izlenisleri, jetiskenlikleri, sonday-aq bu'gingi ku'ngi kemshiliklerden shi'g'i'w jollari' ilimiy ko'z qarastan u'yreniledi. Gazetalardi'n' tematikali'q, problematikali'q, ekonomikali'q-finansli'q mashqalalari' ilimiy ko'z qarastan u'yreniledi.

Biz pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zdi' u'yreniw bari'si'nda ayi'ri'm miynetlerde ma'selen, filologiya ilimlerinin' doktori', Ya.Mamatovani'n' «V periodicheskaya pechat v Uzbekistana»[2] (2006-j), tariyx ilimlerinin' kandidati' D.Bekbawlievti'n' «G'a'rezsizlik da'wiri Qaraqalpaqstan baspaso'zi»[3] (1991-1995-jj) ilimiy miynetlerde.

Sonday-aq, filologiya ilimlerinin' doktori', professor M.Xudayqulovti'n' «Jurnalistika va publicistika» (yeki tomli'q) sabaqlari'nda belgili da'rejede tipologiya ha'm wo'zgeleikler boyi'nsha pikirler berilgen.

**Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zdi'n' ilimiy metodologiyali'q tiykari'** yetip O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti İ.A.Karimovti'n' ma'mleketimizde g'alaba xabar qurallari'ni'n' jumi'slari'n yele de jetilistiriw ha'm woni'n'

---

[2] Маматова Я. «В периодическая печать в Узбекистана». Т., 2006-ж.
[3] «Ғәрезсизлик дәўири Қарақалпақстан баспасөзи» 1997-ж.

huqi’qi’y tiykarlari’n belgilep bari’w boyi’nsha shi’g’arg’an qararlari’ ha’m pa’rmanlari’[4], sonday-aq, bul bag’dardag’i’ miynetleri[5] tiykar yetip ali’ndi’.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ni’n’ ilimiy teoriyali’q jaqtan ani’qli’g’i’n ta’miyinlew maqsetinde biz O’zbekistan Milliy universiteti, Ja’han tiller universiteti jurnalistika qa’nigeligi fakultetlerinde jumi’s ali’p bari’p ati’rg’an professor woqi’ti’wshi’lardi’n’ ilimiy miynetlerine,[6] sonday-aq, E.P.Proxorov, A.N.Zasurskiy, A.Terti’chni’y, V.V.Voroshilov usag’an du’nyag’a belgili ilimpazlardi’n’[7] baspaso’zdin’ tipologiyali’q wo’zgesheliklerine baylani’sli’ miynetleri u’yrenildi ha’m pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na arqaw yetip ali’ndi’. Soni’n’ menen birge keyingi waqi’tlari’ «O’zbekistan matbuoti» jurnali’nda konferenciyalardi’n’ maqalalar toplamlari’nda jari’q ko’rgen maqalalarda teoriyali’q tiykar yetip ali’ndi’.

**Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ni’n’ ha’m de a’meliy a’hmiyeti:**

- Ha’zirgi zaman baspaso’zinin’ tipologiyali’ wo’zgeshelikleri boyi’nsha jurnalistika bo’liminde woqi’p ati’rg’an student jaslarg’a, sonday-aq, jurnalistikag’a qi’zi’g’i’wshi’lar ushi’n woqi’w qollanba xi’zmetin atqaradi’;

- Globallasi’w processinde tarawli’q, rayonli’q, qalali’q gazetalardi’n’ xi’zmetine baha beriwde ja’rdemshi qollanba boladi’;

- Zamanago’y baspaso’z ha’m de da’stu’riy baspaso’z wortasi’ndag’i’ wo’zgesheliklerdi yesapqa alg’an halda informaciyani’ ji’ldi’ri’mday tez qabi’l

---

[4] Ахборот-коммуникасия технологияларин янада ривожлантиришга оид қўчимша чора тадбирлар туғрисида. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2005 йил. 8-июлдаги ПҚ-117 сонли қарори.

[5] Каримов И.А. «Энг асосий мезон ҳаёт – ҳақиқатини акс эттириш. Т., 2006; «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды еле де жетилистириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў консепсиясы». «Еркин Қарақалпақстан», 2010-жыл, 16-ноябрь; «Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қўрамиз», 7-жилд. Т., «Ўзбекистон», 1999 й.

[6] Мўминов Ф.А. «Журналистика ижтимоий институт сифатида». Т., 1998 г; Маматова Я. «Современная периодическая печать в Узбекистана: система, тематика, тенденции и проблема функционирование». Т., 2006; Дўстмуҳаммедов Ҳ. «Журналистнинг касб одоби муаммолари». Т., 2007 й; Худайқулов М. «Журналистика ва публицистика». Т., 2009 й; Ҳозирги замон журналистикаси. Т., 2008 й.

[7] Прохоров Е.П. «Введение в теорию журналистику. М., 2002 г; Ворошилов В.В. «Журналистика» М., 1999; Засурский Я.Н. «Помощник редактора районская газет», 1988 г.

yetiw mu’mkinshiligin beretug’i’n woqi’wshi’lar talg’ami’n ani’qlaw mu’mkinshiligin beredi.

**Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ni’n’ obekti:**

- Qaraqalpaqstan respublikasi’ baspaso’zi; ja’miyetlik siyasiy, qalali’q, tarmaqli’q rayonli’q, jeke menshik gazeta redakciyalari’ boli’p tabi’ladi’.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ Kirisiw, tiykarg’i’ yeki bap, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat

# I bap. Gazeta – g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tiykarg’i’ tu’ri si’pati’nda

## I.1. Ja’miyetlik siyasiy gazetalar

G’alaba xabar qurallari’ni’n’ tipologiyasi’ bul g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tu’rlerge bo’liniwin, woni’n’ aldi’na qoyg’an maqset ha’m wazi’ypalari’n ani’q ko’rsetip, belgilep beriwshi pa’n si’pati’nda u’yreniledi. Solay yeken, biz baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tipologiyasi’n u’yrener yekenbiz, birinshi gezekte ja’miyetlik siyasi’y gazetalar ha’m wolardi’n’ xi’zmetine toqtap wo’tip maqsetke muwapi’q dep yesaplaymi’z. Joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey g’alaba xabar qurallari’ bir qatar wo’zlerine ta’n bolg’an ko’rinislerge iye boladi’. Wolardi’n’ si’rtqi’ ko’rinisleri tu’rlishe boli’wi’ mu’mkin. Mi’sali’, qag’azg’a basi’lg’an baspa usi’li’nda yaki dawi’sti’ jetkerip beriwshi radioesittiriwlerdi formasi’nda sonday-aq, dawi’slardi’ ko’rinisleri menen jetkerip beriwshi teleko’rsetiwlerdin’ tu’rli usi’llari’nda (sanli’ televidenie, kabeli televidenie, jerdin’ jasalma joldasi’ arqali’ baylani’sti’ ta’miyinlewshi telekanallar arqali’) internet materiallari’ negizinde beriliwi mu’mkin. Bul g’alaba xabar qurallari’ni’n’ informaciyani’ tarqati’w jollari’ ha’m de usi’llari’ da tu’rlishe. Solayda bolsa, barli’q g’alaba xabar qurallari’n birlestirip turi’wshi’ birden bir tiykar bar. Wol - ma’mleketimizde baspaso’z ni’zamli’qlari’ tiykari’nda jumi’s ali’p bari’w boli’p tabi’ladi’.

O’zbekistan respublikasi’ni’n’ 2007-ji’ldi’n’ 15-yanvar sa’nesinde qabi’l yetilgen «G’alaba xabar qurallari’ haqqi’nda»g’i’ ni’zami’nda (jan’a redakciyadag’i’) «G’alaba xabar qurallari’nda massali’q informaciyani’ tarqati’wda turaqli’ tu’rde atqa (atamag’a) iye bolg’an, sonday-aq, baspa usi’ldag’i’ (gazetalar, jurnallar, axborotnamalar, byulletenler ha’m basqalar) yaki elektron usi’ldag’i’ (tele, radio, video, kinoxronika bag’darlamalar, uli’wma paydalani’wdag’i’ telekommunikaciya tarmaqlari’ndag’i’ veb-saytlar), alti’ ayda keminde bir ma’rte basi’p shi’g’ari’latug’i’n yaki efirge beriletug’i’n,

sonday-aq g’alaba xabar qurallari’n tarqati’wdi’n’ basqada formalari’ g’alaba xabar qurallari’ yesaplanadi’» - dep ko’rsetilgen.[8] Demek, g’alaba xabar qurallari’ni’n’ yen’ tiykarg’i’lari’ – gazetalar, jurnallar, radio, televidenie, informaciya agentlikleri ha’m de baspaso’zdin’ ayri’qsha tu’ri yesaplang’an kitap basi’li’mlari’, internet ha’m wolar ushi’n uli’wmali’q mag’li’wmatlardi’ tarqati’wshi’ elektron gazetalar, jurnallar kitaplar kiredi.

Ja’miyettin’ rawajlani’wi’, ilimiy-texnikali’q progresstin’ joqarg’i’ sheklerge jetilisiwi na’tiyjesinde g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tu’rleri de ko’beyip, wolardi’n’ atamalari’ da wo’zgerip barmaqta. Ma’selen, O’zbekistan ha’reket yetiwshi ma’mleketlik dizimnen wo’tken g’alaba xabar qurallari’ni’n’ sani’ bu’gingi ku’nge kelip 1400den asi’p ketti.[9] Tiykari’nan alg’anda baspaso’zdin’ bunday tu’rlerge bo’liniwi yaki bul tu’rlerdin’ uli’wma ji’yi’ndi’si’ «Jurnalistika» dep te ataladi’. Biraq ha’zirgi da’wirge kelip, wolar Baspaso’z ha’m g’alaba xabar qurallari’, yaki tuwri’dan tuwri’, «G’alaba xabar qurallari’» - dep atalmaqta.[10]

Bul pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tiykari’n quraytug’i’n ja’miyetlik siyasi’y gazetalar haqqi’nda ilimiy ko’z qarastan pikir ju’ritiwge ha’reket yetemiz.

Ja’miyetlik siyasi’y gazetalar ja’miyetlik turmi’sti’ uli’wmali’q siyasi’y ko’z-qarastan, yag’ni’y, ja’miyetlik siyasi’y, ekonomikali’q jumi’slardi’n’ na’tiyjeleri ma’deniy, ma’nawiy turmi’sti’n’ ko’pshilik ushi’n a’hmiyetli bolg’an basli’ ma’seleler ushi’n sho’lkemlestirip shi’g’ari’ladi’. Du’nya ju’zinde ken’ ko’lemde tarqatatug’i’n gazetalardi’n’ ko’pshiligi tiykari’nan ja’miyetlik siyasi’y gazetalar quraydi’ yeken. ma’selen, Amerika Qurama Shtatlari’nda shi’g’atug’i’n «Vashington post» («Voshington pochtasi’»), «Nyu York tayms» («Nyu York waqti’»), «Baltimor san» («Baltimor quyashi’»), «Uoll – strit djornel» («Uoll strit gazetasi’»), Angliya ma’mleketinde shi’g’atug’i’n

---

[8] Қараң: «Халқ сўзи» газетасы. 2007-жыл 16-январь саны.
[9] Мағлыўмат Қарақалпақстан Республикасы баспасөз ҳәм хабар агентлигинен алынды.
[10] Қараң: Худайқулов М. Журналистика ва публицистика. Т., «Университет»

«Gardian» («Pasban»), «Deyli Mirror» («Ku’ndelikli ayna»), «Ovserber» («Baqlap bari’wshi’»), «Tayms» («Waqi’t»), «Divelt» («A’lem»), Franciya ma’mleketinde shi’g’atug’i’n «Figaro», «Mond» («A’lem»), «Liberacion» («Azatli’q»), «Yumanite» («İnsaniyat»), Germaniya ma’mleketinde shi’g’atug’i’n «Berliner caytung» («Berlin gazetasi’»), «Frankfurter», «Algemayne caytung» («Frankfurat su’wretli gazetasi’»), «Di Cayt» («Waqi’t»), Yaponiya ma’mleketinde basi’li’p shi’g’atug’i’n «Asaxi» («Quyash»), «Takio simbun» («Takio gazetasi’»), Qi’tay ma’mleketinen shi’g’atug’i’n «Jenmin jibao» («Xali’q gazetasi’»), Hindistan ma’mleketinen shi’g’atug’i’n «Hindstan tayms» («Hindstan waqti’»), Tu’rkiya ma’mleketinde baspadan shi’g’ari’latug’i’n «Jumhuriyat» («Respublika»), «Milliyat» («Millet»), Rossiya ma’mleketinde basi’p shi’g’ari’latug’i’n «İzvestiya», «Trud» «Pravda» si’yaqli’ gazetalar uli’wma ja’miyetlik siyasiy gazetasi’ yesaplanadi’. Ja’miyetlik siyasiy gazetalar tek wo’zi shi’g’i’p turg’an ma’mlekette yemes, al soni’n’ menen birge du’nya ma’mleketlerine de aldi’na qoyg’an maqset ha’m wazi’ypalari’nan kelip shi’g’i’p millionlap tirajlarda tarqali’wi’ mu’mkin. Soni’n’ menen birge ja’miyetlik siyasiy gazetalar kimler ta’repinen sho’lkemlestiriliwine qarap, ra’smiy (hu’kimetke qarasli’, hu’kimetlik) siyasiy partiyalar yaki ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ gazetalari’, sonday-aq, biyg’a’rez gazetalar da boli’wi’ mu’mkin.[11]

Bug’an mi’sal retinde O’zbekistannan bu’gingi ku’nde shi’g’i’p turg’an ra’smiy «Халқ сўзи», «Правда Востока» siyasiy partiyalardi’n’ «O’zbekiston avozi», «Народное слова», «Adolat», «Milliy tiklanish», «Fidokor», biyg’a’rez gazeta bolg’an «Hurriyat» gazetalari’n ko’rsetiw mu’mkin. Belgili ilimpaz, filologiya ilimlerinin’ doktori’, professor Muxtar Xudayqulov wo’zinin’ «Jurnalistika va publicistika» degen kitabi’nda (70-bet) ja’miyetlik siyasiy gazetalardi’ «u’lkenler ushi’n», «jaslar ushi’n», «kishkeneler ushi’n» dep u’sh toparg’a bo’lip, u’lkenler ushi’n dep joqari’da ko’rsetken ra’smiy gazetalari’,

[11] Қараң: сонда, 69-бет.

jaslar ushi'n dep respublika jaslari'ni'n' «Turkiston» gazetasi'n, balalar ha'm jas wo'spirimler ushi'n dep «Tong yulduzi» si'yaqli' gazetalardi' ko'rsetip wo'tedi. Soni'n' menen birge O'zbekistan respublikasi' Profsoyuz sho'lkeminin' original bolg'an «İshonch», Qorg'ani'w ministrliginin' organi' bolg'an «Vatanparvar» gazetalari'nda ko'pshilikke mo'lsherlengen bolg'ani' ushi'n da «ja'miyetlik siyasiy gazetalar qatari'na kirgiziw mu'mkin dep ko'rsetedi.

Ja'miyetlik siyasiy gazetalar ra'smiy gazetalar yesaplani'p, ko'pshilik jag'dayda hu'kimet (Oliy majilis ni'zamshi'li'q palata) Ministrler Kabineti, ha'm tag'i' basqa) ta'repinen sho'lkemlestirilip ra'smiy xabarlardi', jan'ali'qlardi', Prezident ha'm qararlari'n, qabi'l yetilgen ni'zamlardi', parlament jumi'slari'n xali'qqa jetkerip woti'radi'. Bul gazetalar da «G'alaba xabar qurallari' haqqi'nda»g'i' Ni'zam tiykari'nda xi'zmet ko'rsetip gazetalardi'n' bas redaktorlari' sho'lkemlestiriwshiler ta'repinen belgilenedi. Mi'sali', Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda «Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana», «Qoraqalpog'iston tongi» gazetalari'n sho'lkemlestiriwshiler Qaraqalpaqstan Respublikasi' joqarg'i' Ken'esi ha'm de Ministrler Ken'esi, «Qaraqalpaqstan jaslari'» ha'm de «Jetkinshek» gazetasi'ni'n' sho'lkemlestiriwshileri Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler ha'm de Qaraqalpaqstan Respublikasi' Kamolot jaslar ja'miyetlik ha'reketi yesaplanadi'. Barli'q ra'smiy gazetalarg'a ta'n bolg'an wortali'q na'rse bul ma'mlekette ju'z berip ati'rg'an ja'miyetlik siyasiy xabarlardi', jan'ali'qlardi' gazeta woqi'wshi'lari'na jetkerip beriwden ibarat. Mi'sali', parlament temasi' barli'q ja'miyetlik-siyasiy gazetalar ushi'n aktual tema yesaplanadi' ha'm derlik gazetani'n' ha'r bir sani'nda Oliy Majlis Ni'zamshi'li'q Palatasi' ha'm Senat jumi'slari'ni'n' ku'ndeligi turaqli' tu'rde, u'zliksiz berip bari'ladi'. Sebebi, «Халқ сўзи», «Narodnoe slova» O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisi Senati' Ken'esi ha'm O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' gazetasi' boli'p yesaplanadi'. Gazeta materiallari'na itibar qaratami'z: «Халқ сўзи» gazetasi'ni'n' 2014-ji'li' 29-may sani'nda «O'zbekiston-Latviya:» rubrikasi'

asti’nda «İshonchli hamkorlikning yuksak samaradorlari» atamasi’nda O’zbekistan axborot agentligi Anvar Samedovti’n’ ra’smiy maqalasi’ berilgen. Ra’smiy material gazetani’n’ birinshi betinde O’zbekistan Prezidenti İslam Karimov ha’m de Latviya respublikasi’ Prezidenti Andrels Berzinsh penen birgelikte sa’lemlesip qol ali’si’p turg’an su’wreti menen berilgen. Ra’smiy maqalada 2014-ji’ldi’n’ 27-may sa’nesinde O’zbekistan respublikasi’ Prezidentinin’ mira’t yetiwi menen ma’mleketimizge kelgen Latviya respublikasi’ Prezidentinin’ keliw mu’na’sibeti tu’siriledi. Ra’smiy maqalasi’ ha’mme ushi’n tu’sinikli bolg’an a’piwayi’ tilde, wog’ada ko’p faktlerdi qamti’p berilgen. Maqalada «yeki ma’mleket wortasi’ndag’i’ arali’q sonsha uzaq boli’wi’na qaramastan, ko’plep tarawlarda birgelikte jaqi’nnan jumi’slar islesiw jag’i’ qoyi’lg’an. Ekonomika, sawda sati’q ha’m sanaat tarawlari’nda yen’ ko’p qolayli’qlar jarati’w sistemasi’ jolg’a qoyi’lg’an. İnvesticiyalardi’ qollap-quwatlaw ha’m qorg’aw ha’m basqada tarawlarda kelisip ali’ndi’. O’zbekistan ha’m Latviya arasi’ndag’i’ 2013-ji’l juwmaqlari’ boyi’nsha tovar almasi’w ko’lemi 250 million AQSh dollari’n qurag’an. 2013-ji’ldi’n’ aprel ayi’nda Riga qalasi’nda O’zbekistanni’n’ sawda u’yi ashi’ldi’. Wo’tken qi’sqa waqi’t ishinde bul sawda u’yi arqali’ ko’lemi 30 million AQSh dollari’nan zi’yat sha’rtnamalar du’zilgen.

Wo’z-ara investiciyali’q birge islesiwdin’ na’tiyjesinde wo’tken ji’ldi’n’ gu’z ayi’nda ma’mleketlerdin’ birgeliktegi jumi’s ali’p bari’wi’nda 343 qospa ka’rxana xi’zmet ko’rsetken bolsa, bu’gingi ku’nde wolardi’n’ sani’ 392 ge jetken».

Ko’rip wo’tkenimizdey ra’smiy xabar ken’ ko’lemde O’zbekistan axborot agentliginin’ xabarshi’si’ ta’repinen ken’ tu’rde tayarlang’an bolsa, bul maqala derlik barli’q ra’smiy ha’m de ja’miyetlik siyasiy gazetalarda ja’riyalang’an.

Ra’smiy ja’miyetlik siyasiy gazetalarda ma’mlekette qabi’l yetilgen ni’zamlardi’ ja’riyalap bari’w qatan’ jolg’a qoyi’lg’an. Mi’sali’, «O’zbekiston Respublikasining ayrim qonun hujjatlariga wzgartirish va qwshimchalar kiritish,

shuningdek ayrim qonun hujjatlarini wz kuchini yuqotgan dep topish tug’risida»gi O’zbekistan respblikasi’ni’n’ ni’zami’ («Халқ сўзи» 2014-ji’li’ 15-may), «Huqi’qbuzarli’qlar profilaktikasi’ haqqi’nda» O’zbekistan Respublikasi’ Ni’zami’ («Халқ сўзи» 2014-ji’l 15 may) «Sudyalarning malaka hayatlari twg’risidagi» nizomga wzgartish va qwchishalar kiritish haqida» O’zbekistan Respublikasi Ni’zami’ («Халқ сўзи» 2014-ji’li’, 23-aprel), «Awi’l xojali’g’i’ni’n’ mashina quri’li’s ka’rxanalari’n basqari’wdi’ bunnan bi’layda jetilistiriw ha’m qarji’lay salamatlandi’ri’w ilajlari’ haqki’nda» O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ («Erkin Qaraqalpaqstan» 2014-ji’l, 20-may), «Yekinshi jer ju’zilik uri’s qatnasi’wshi’lari’n xoshametlew haqqi’nda O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ pa’rmani’» («Erkin Qaraqalpaqstan» 2014-ji’li’ 22-aprel), «İsbilermenlik jumi’si’n a’melge asi’ri’w ha’m ma’mleketlik xi’zmetlerdi ko’rsetiw menen baylani’sli’ ta’rtip qag’i’ydalardi’ bunnan bi’layda jetilistiriw ilajlari’ haqqi’nda» O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’ («Erkin Qaraqalpaqstan» 2014-ji’l, 17-aprel) ha’m tag’i’ basqalar.

Wo’z milliy g’a’rezsizligine yerisken ma’mleketimizde gazeta shi’g’ari’wg’a ayri’qsha itibar qarati’lg’an. Ha’zirgi ku’nge kelip respublikami’zda 700den arti’q atamadag’i’ gazetalar basi’p shi’g’ari’lmaqta. Ma’mlekette gazeta shi’g’ari’w san ha’m sapa jag’i’nan wo’sti, rawajlani’wg’a yeristi. O’zbekistan g’alaba xabar qurallari’ni’n’ aji’ralmas bo’legi yesaplang’an gazetalar ken’ ja’miyetshiliktin’ informaciyag’a bolg’an konstituciyali’q talaplari’n qandi’ri’p kelmekte. Yelimizde ali’p bari’li’p ati’rg’an ja’miyetlik siyasiy, ekonomikali’q soni’n’ menen birge ma’deniy ag’arti’wshi’li’q reformalardi’ a’melge asi’ri’wda a’hmiyetli rol woynamaqta.

Gazeta - g’alaba xabar qurallari’ni’n’ yen’ tiykarg’i’ tu’ri bolg’anli’qtan wonda baspaso’zdin’ ishki qag’i’ydalari’ wo’z sa’wleleniwin tapqan. Gazeta baspaso’zdin’ tiykarg’i’ funkciyalari’n toli’g’i’ menen wori’nlaydi’. wol ken’ ja’miyetshilikke informaciyalar jetkerip beredi, ja’miyette ju’z berip ati’rg’an

waqi'ya ha'm ha'diyselerdi su'wretleydi, analizleydi ha'm ja'miyetke qaytadan jetkerip beredi.

Gazeta baspaso'zdin' bas principleri bolg'an uli'wma insani'yli'q xali'qshi'li'q, milliylik, (haqqani'yli'q) a'dalatli'li'q ha'm basqada ni'zamlarg'a boysi'ni'p jasaydi'. Da'stu'riylik ha'm jan'a tiykarlardi' jarati'w ni'zamshi'li'qlari'ni'n' basqa da qag'i'ydalari'na a'mel qi'ladi', ja'miyetshilik pikirin qa'liplestiriw sonday-aq baspaso'zdin' basqa da ni'zam qag'i'ydalari' gazeta jumi'si'na tikkeley baylani'sli' boli'p tabi'ladi'.

Gazeta betlerinde turmi'sti' sa'wlelendiriwdin' ayri'qsha tu'ri yesaplang'an publicistikag'a ken' wori'n beriledi. Gazetlarda publicistikani'n' informaciyali'q (xabarlawshi') bo'limi ha'm woni'n' janrlari' xabar, reportaj, korrespondenciya (kishi maqalalar) ha'm baskalar ken' wori'ndi' iyeleydi. Sonday-aq, publicistikani'n' analitikali'q ha'm ko'rkem publicistikali'q tu'rlerine de gazetada, a'sirese, ja'miyetlik siyasiy gazetalarda itibar qaratadi'. Mi'sallar keltiremiz. O'zbekistan «Milliy tiklanish demokratiyali'q partiyasi'ni'n' ja'miyetlik siyasiy gazetasi' «Milliy tiklanish» dep ataladi'. Gazeta 2008-ji'ldi'n' 30-oktyabr sa'nesinen shi'g'a baslag'an. Bu'gingi ku'nde 11373 nusqada O'zbekistan boyi'nsha tarqati'ladi'. Basqa gazetalarg'a sali'sti'rg'anda auditoriyasi'ni'n' sani' ha'm ko'lemi jag'i'nan salmaqli' wori'nlardi' iyeleydi. Gazeta redkaciyasi'nda «Parlament ha'm partiya turmi'si'» bo'limi jetekshilik qi'ladi'. Gazetani'n' 2014-ji'li' 21-may sa'nesindegi sani'n analizlewge ha'reket yetemiz.

Gazetani'n' birinshi ha'm yekinshi betlerine ra'smiy materiallar jaylasti'ri'lg'an. (Bul gazetani'n' ha'r bir jan'a sani'nda usi'layi'nda berilip bari'ladi'). Gazetani'n' birinshi betinde O'zbekistan axborot agentliginin' arnawli' xabarshi'si' Bahadi'r Ergashevti'n' «O'zbekistan va Xitob o'zora manfaatli hamkorlikni mustahkamlamoqda» atamasi'ndag'i' ra'smiy maqalasi' berilgen. Maqalada ko'rsetiliwinshe «O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2012-ji'li' iyun ayi'nda Qi'tay ma'mleketine sapari' waqti'nda woti'zdan arti'q

investiciya joybarlari'n a'melge asi'ri'wg'a qarati'lg'an 5,3 milliard dollardan zi'yat mug'dardag'i' hu'jjetler imzalang'an. Qi'tay Xali'q Respublikasi'ni'n' basshi'si' 2013-ji'ldi'n' sentyabr ayi'nda O'zbekistang'a sapari' shen'berinde uli'wma bahasi' 15 milliard doslarg'a ten' joybarlardi' a'melge asi'ri'wg'a baylani'sli' 31 hu'jjetti imzalasqan… O'zbekistanda Qi'tay kapitali' qatnasi'wi'nda 466 ka'rxana, solardi'n' ishinde toli'q Qi'tay Respublikasi' qa'rejetleri menen sho'lkemlestirilgen 77 ka'rxana xi'zmet ko'rsetpekte. Ma'mleketimizde Qi'tay respublikasi'ni'n' 71 kompaniyasi' wo'zinin' wa'killik xanalari'n ashqan. Bul ra'smiy material Prezidentimiz İ.Karimovti'n' Aziyada birge islesiw ha'm isenim sharalari' boyi'nsha ken'estin' IV samiymiy ma'jilisinde qatnasi'w ushi'n Qi'tay xali'q respublikasi'na xi'zmet sapari' mu'na'sibeti menen jazi'lg'an. Gazetani'n' birinshi ha'm u'shinshi betlerinde «Mu'na'sibet» rubrikasi' asti'nda «Babalari'mi'z milliy miyrasi' a'wladlari'ni'n' ma'nawiyati'ni'n' joqari'lawi'na xi'zmet qi'lmaqta» atamasi'nda Oliy Majlis Ni'zamshi'li'q palatasi' deputatlari'ni'n' pikirleri berilgen. Mu'na'sibetlerdin' O'zMTDP fakciyasi' ag'zalari' Ural Haytov ha'm de Ulug'bek Ja'lmenovlar ta'repinen bildirilgenine itibar qaratami'z. O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti İslam Karimovti'n' ilim ha'm bilimlendiriwdin' woshag'i' yesaplang'an Samarqand qalasi'nda boli'p wo'tken «Worta a'sirler shi'g'i's ulamalari' ha'm ilimpazlari'ni'n' tariyxi'y miyrasi', woni'n' zamanago'y civilizaciya rawaji'ndag'i' roli ha'm a'hmiyeti» atamasi'ndag'i' xali'q arali'q konferenciyasi'nda shi'g'i'p so'ylegen so'zi, xalqi'mi'zdi'n' a'sirler dawami'nda ilim-pa'n, ma'deniyat, a'debiyatda toplag'an bay miyrasi', woni'n' insaniyat rawajlani'wi'ndag'i' tutqan worni'na bag'i'shlandi'. Mine, usi' Prezidentimiz bayanati' gazeta betlerinde mu'na'sibetler bildirildi.

O'zbekistan ilimler akademiyasi' Arixiologiya instituti' direktori' «Amiriddin Berdimuratovti'n' «Quyash sharqdan taraladi'» atamasi'ndag'i' birinshi maqalasi' bul haqi'yqi'y publicistika. Usi' ji'ldi'n' 15-16-may ku'nleri

Samarqand qalasi’nda wo’tkerilgen konferenciya ilimpazdi’n’ tolg’ani’slari’ berilgen. Maqalada «Abu Rayxan Beruniy haqqi’ndag’i’ yen’ ani’q ta’riyipti nemec shi’g’i’sti’ izertlewshi ilimpazi’ Eduaru Zaxaw bergen bolsa kerek. «Du’nyada tawlar ko’p, lekin wolar arasi’nda sonshelli da’rejede joqari’ bir shi’n’i’ bar, bul shi’n’da hesh bir insaniyat iyeley almaydi’, bul – Beruniy boli’p yesaplanadi’» - dep ko’rsetedi. İlimpaz jazi’p qaldi’rg’an 160 tan arti’q shi’g’armalari’ menen astronomiya, astrologiya, matematika, geodeziya, geologiya, minerologiya, geografiya, arifmetika, medicina, farmokognoziya, tariyx, filologiya si’yaqli’ wonnan aslam pa’nlerdi jan’a shi’n’larg’a ali’p shi’g’a alg’an. Beruniydin’ ha’r tu’rlik ilimlerdi iyelewdegi do’retiwshilik miyneti ha’m jetiskenlikleri woni’n’ shi’n ma’nisinde qu’diretli shaxs ha’m sheksiz bilim iyesi yekenliginen ko’rsetedi ha’m woni’n’ ismin ma’ngilikke mo’rley aladi’ dep ko’rsetedi. «Milliy tiklanish» gazetasi’nda «Xalq aro hayot» rubrikasi’ asti’nda arnawli’ bet sho’lkemlestirilgen boli’p, wolar ko’birek internet xabarlari’ tiykari’nda tayarlani’p bari’lg’an.

Juwmaqlap aytqanda ja’miyetlik siyasiy gazetalar gazetalardi’n’ tiykarg’i’ bo’legin qurap, ja’miyettin’ barli’q tarawlari’n sonday-aq barli’q territoriyani’ qamti’p ali’w ku’shine iye desek qa’telespeymiz.

## I.2. Qa’nigelesken gazetalar

Qa’nigelesken gazetalar - ja’miyetlik turmi’sti’n’ u’lken bir tarawi’n ken’ ko’lemde jarati’w ushi’n arnawli’ shi’g’armada ha’m de tikkeley usi’ tarawda jumi’s islewshi, usi’ tarawg’a baylani’sli’ adamlar ushi’n mo’lsherlengen boladi’.[12] Professor, M.Xudayqulovti’n’ «Jurnalistika va publicistika» dep atali’wshi’ miynetinde bunday qa’nigelesken gazetalar du’nya gazetalari’ arasi’nda da ushi’rasatug’i’nli’g’i’n atap wo’tedi. Woni’n’ ko’rsetiwinshe, Angliya ma’mleketinde shi’g’atug’i’n «Faynenshl tayms» («Moliya waqti’») dep atali’wshi’ gazeta, Franciyada baspadan shi’g’atug’i’n «Lettr fransez» («Franciya a’debiyati’»), Yaponiyada shi’g’atug’i’n «San key Simbun» («Sanaat va iqtisod» gazetasi’), Rossiyadan shi’g’atug’i’n «Literaturnya gazeta», «Ekonomicheskaya gazeta» ha’m basqalar qa’nigeleksken gazetalarg’a kiredi.

Usi’ ko’z qarastan kelip shi’g’i’p O’zbekistan ha’m de Qaraqalpaqstan ko’leminde shi’g’atug’i’n ayi’ri’m gazetalardi’n’ qa’nigelesken gazetalar tu’rine kiretug’i’nli’g’i’n atap wo’tsek boladi’. Mi’sali’, O’zbekistan ko’leminde shi’g’atug’i’n ha’m awi’l xojali’g’i’ tarawi’nda xi’zmet islewshi ha’m de awi’lda jasawshi’ adamlar turmi’si’n sa’wlelendiriwshi «Qishloq hayoti’» gazetasi’, ta’lim-ta’rbiya, joqari’ ha’m worta arnawli’ woqi’w wori’nlari’ haqqi’nda jan’ali’qlardi’ jetkerip beriwshi «Marifat» si’yaqli’ gazetalar qa’nigelesken gazetalar yesaplanadi’. Bul tu’rdegi gazetalardi’n’ ja’miyetlik siyasiy gazetalardan wo’zgesheligi sonda, wolar ja’miyetlik siyasiy ha’m de basqa da tarawlardi’ uli’wmali’q ko’z qarastan jarati’p, al wo’zinin’ tarawi’n ken’ tu’rde jarati’wg’a ayri’qsha itibar qaratadi’. O’zbekistanda a’debiyat, sanaat, ma’deniyat tarawi’n ken’nen jari’ti’wg’a qarati’lg’an «O’zbekiston adabiyoti va sanaati», ekonomikani’n’ yen’ a’hmiyetli ma’selelerin so’z yetiwshi «Mulkdor» shan’araq turmi’si’n sa’wlelendiriwshi «Oyla va jamiyat», sportti’n’ barli’q tarawlari’n jari’ti’wshi’ «Sport» gazetalari’nda qa’nigelesken

---

[12] Қараң: Худайқулов М. «Журналистика ва публисистика». Т., «Университет» 2008 й. 70-бет.

gazetalardi’n’ qatari’na qosi’wi’mi’z mu’mkin. Ayi’ri’m qa’nigelesken gazetalar ja’miyetlik turmi’s ma’selelerine de ken’irek wori’n aji’rati’wi’ mu’mkin. Bul jag’i’nan ja’miyetlik siyasiy gazetalarg’a jaqi’n turadi’. Ma’selen, «O’zbekiston adabiyoti va sanaati» gazetasi usi’nday gazetalardan. Bunday gazetalar Qaraqalpaqstan gazetalari’nda ko’zge taslanadi’. Mi’sali’, «Qaraqalpaq a’debiyati’», «Ustaz joli’» gazetalari’ qa’nigelesken gazetalarg’a kiredi. A’dette, qa’nigelesken gazetalar worayli’q gazetalarg’a kiredi.

Ma’mleketimizde 1380ge jaqi’n g’alaba xabar qurallari’ diziminen wo’tip xi’zmet yetip ati’rg’an bolsa, wolardi’n’ 720 dan arti’g’i’ gazetalar, 260 qa jaqi’ni’ veb-saytlardan ibarat. A’hmiyetlisi, g’alaba xabar qurallari’ni’n’ qi’ri’q procentten aslami’n qa’nigelesken basi’li’mlar quraydi’.[13]

Qaraqalpaqstan respublikasi’ jazi’wshi’lar awqami’ni’n’ gazetasi’ «Qaraqalpaq a’debiyati’» dep ataladi’. Gazeta qaraqalpaq, o’zbek, rus, anglichan tillerinde ayi’na bir ma’rtebe shi’g’ari’ladi’. Gazetani’n’ bas redaktori’ Bahamdulla Nurabi’llaev. Gazetani’n’ su’reni «A’debiyat jasasa-millet jasaydi’», gazetani’n’ internettegi sayti’ karakalpak literature www. qq.literature.uz. E-mail: qqliterature@mail.ru. Tiraji’ 2000 danada shi’g’ari’ladi’. Gazeta 2011-ji’ldi’n’ may ayi’nan baslap shi’g’a baslag’an. Usi’g’an qaramastan qa’nigelesken gazetalar arasi’nda wo’z auditoriyasi’ni’n’ aldi’nda u’lken hu’rmet izetke iye gazeta da’rejesine yerise alg’an. Gazeta betlerinde belgili jazi’wshi’ ha’m shayi’rlardi’n’, a’debiyatshi’, tariyxshi’ ilimpazlardi’n’ a’debiyat tarawi’nda ustazli’q yetiwshi qa’nigelerdin’, student jaslardi’n’, a’debiyatqa qi’zi’g’i’wshi’ ha’r bir puqarani’n’ maqalalari’na ayri’qsha itibar qaratqan. Gazeta ko’pshilik waqi’tta taraw qa’nigeleri ushi’n wog’ada a’hmiyetke iye bolg’an woqi’w qollanba xi’zmetinde atqaradi’. Gazetani’n’ 2014-ji’l may ayi’ndag’i’ sani’n ali’p qarayi’q (gazeta ayi’na bir ret shi’g’adi’). Gazetani’n’ A-3 formati’nda 20 betten ibarat. Birinshi ha’m son’g’i’ betleri ren’li. Gazetani’n’ birinshi beti, a’dette gazetani’n’ mazmuni’n

---

[13] Қараң: «Ўзбекистон овози» 2013-йил, 30-ноябрь.

bayanlawshi’ ononslar tiykari’nda bezelgen. Gazeta derlik xalqi’mi’zdi’n’ ulli’ perzentleri O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan xali’q jazi’wshi’si’ To’lepbergen Qayi’pbergenov ha’m de O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’, O’zbekistan qaharmni’ İbrayi’m Yusupovti’n’ 85 ji’lli’q yubiley sa’nesine arnalg’an. Gazetani’n’ birinshi beti Prezidentimizdin’ to’mendegi so’zi menen baslanadi’. «Qoraqalpoq xalqi qodimiy va boy tarixga ega. Uning milliy madaniyati, joziybali sanati. mumtoz adabiyoti, qadiriyatlari, udum va ananalari bilan olamga mashhurdir. Mustaqillik tufayli qoraqalpoq xalqi juda kwp qadiriyatlarini qayta tiklash imkoniyatiga ega bwldi…»

… Milliy madaniyat va manaviyatning qaror topishiga, qoraqalpoq xalqining klassik shoirlari Berdaq, Ajinyoz babolari ijodiy meroslarining tula tiklanishiga aziz xotiralarning ulug’lanishiga ywl oshib berdi. Bugungi kunda İbroyim Yusupov, Tulepbergen Kayipbergenov, Tilewbergen Jumamuratov kabi qoraqalpoq yozuvchi va shoirlarining asarlari xalqlarimiz manaviy xazinasidan munasib kibi oldi» - dep ko’rsetilgen. Gazetani’n’ yekinshi betinde «Ma’n’gi buloqlar» rubrikasi’ asti’nda filologiya ilimlerinin’ doktori’ professor Quwani’shbay Worazi’mbetovti’n’ «Shayi’r sheberligi u’yreniw mektebi», filologiya ilimlerinin’ kandidati’ Perdebay Nurjanovti’n’ «Milliy a’debiy miyras». Jazi’wshi’ do’retiwshiliginin’ g’a’rezsizlik da’wirinde izertleniwi» atamalari’ndag’i’ ko’lemli maqalalari’ ja’riyalang’an.

Birinshi maqalada «İ.Yusupovti’n’ sheberliginen, do’retiwshilik bay ta’jiriybesinen bayanat bolg’an shi’g’armalar, lirikali’q ha’m liroepikali’q janrlar, formalar jas shayi’rlar ushi’n u’yreniw mektebi, izertlewshiler ushi’n izleniw obekti bolatug’i’nli’g’i’ so’zsiz. Usi’nday shayi’rli’q sheberlikti woni’n’ lirikali’q toplam du’ziw ta’jiriybesinen ko’riwge boladi’» - dep ko’rsetse, yekinshi maqalada «G’a’rezsizlik da’wirine kelip T.Qayi’pbergenov shi’g’armalari’ni’n’ izertleniwi wo’zinin’ jan’a basqi’shi’na ko’terildi. Wo’ytkeni, g’a’rezsizliktin’ sharapati’ menen a’debiyati’ bolg’an vulgar sociologiyali’q qatnasqa shek qoyi’ldi’. Yendigiden bi’lay woni’ ko’rkem

estetikali’q ha’m uli’wma insani’yli’q qa’diriyatlarg’a, jan’a milliy ideologiyali’q qa’delerine su’yenip izertlewge jol ashi’ldi’. Usi’ni’n’ arqasi’nda jazi’wshi’ do’retiwshiligine obektiv qatnas jasaw, woni’n’ ko’rkem obrazlari’ du’nyasi’n qali’s bahalaw qa’liplese basladi’» - dep ko’rsetedi.

Juwmaqlap aytqanda, qa’nigelesken gazetalar ja’miyetlik siyasiy gazetalarg’a sali’sti’rg’anda belgili da’rejede qa’nigelesip, sol bag’dardi’n’ mashqalalari’ haqqi’nda bas qati’radi’ degen sheshimge keldik.

## I.3. Tarmaq gazetalari’

Tarmaq gazetalari’ - ja’miyetlik turmi’sti’n’ ma’mleket ekonomikasi’ ha’m sho’lkemlerdin’ ayi’ri’m tarmaqlari’n ken’irek jarati’wg’a qarati’lg’an basi’li’mlar boli’p tabi’ladi’.

Tarmaqli’q gazetalar haqqi’nda professor Muxtar Qudayqulov,[14] sonday-aq tariyx ilimlerinin’ kandidati’ Da’wletbay Bekbawlievti’n’[15] ilimiy miynetlerinde ani’q yetip ko’rsetilgen. Bunday gazetalar, a’dette, qanday da bir taraw boyi’nsha, ministrlik yaki usi’ da’rejedegi sho’lkemler ta’repinen shi’g’ari’ladi’. Bug’an mi’sal retinde respublika baylani’s ministrligi ta’repinen shi’g’ari’latug’i’n «Xabar», İshki isler Ministrliginin’ «Postda» Temir jollar ka’rxanasi’na qarasli’ «Temir jolshi’» gazetalari’n ko’rsetip wo’tiwimiz mu’mkin. Bunday gazetalar tiykari’nan, usi’ tarawdi’ islewshi qa’nigeler ushi’n, ayi’ri’mlari’ bolsa ken’ ja’miyetshilik ushi’n mo’lsherlengen boladi’. Ayi’ri’m rayonli’q, sonday-aq, ka’rxanali’q gazetalar (ma’selen, tiykari’nan sharwashi’li’q penen shug’i’llani’wshi’ rayonlardi’n’ gazetalari’, joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’, iri ka’rxanalar ta’repinen sho’lkemlestirilgen gazetalar) belgili da’rejede tarmaq gazetalari’na jaqi’n turadi’. Tarmaq gazetalari’ tiykari’nan ken’ ja’miyetshiliktin’ ja’miyetlik siyasiy turmi’si’n uli’wmalasti’rg’an halda wo’z tarmag’i’ turmi’s ta’rizin bolsa ken’ ha’m ha’r ta’repleme teren’ jari’ti’p baradi’, gazetalardi’n’ mu’mkinshiliklerin ko’beytedi.

Qaraqalpaqstanda shi’g’atug’i’n tarmali’q gazetalarg’a to’mendegi basi’li’mlar kiredi. Bular: Qaraqalpaqstan respublikasi’ Prokuraturasi’ni’n’ «G’a’rezsizlik ha’m Ni’zam» gazetasi’. Bas redaktori’ F.Habibullaev. Respublika boyi’nsha yen’ ko’p tirajda tarqati’latug’i’n gazeta. Tiraji’ 2300 dana. Qaraqalpaqstan ishki isler ministrliginin’ «Ti’ni’shli’q saqshi’si’» gazetasi’, bas redaktori’ J.O’teniyazov. Qaraqalpaqstan respublikasi’ den

---

[14] Худайқулов М. «Журналистика ва публицистика». Т., «Университет», 2008 й. 71-бет.
[15] Бекбаўлиев Д. «Газета қалай шығады?» Н., «Билим» 2011-жыл.

sawli’qti’ saqlaw ministrliginin’ «Shi’paker» gazetasi’, Qaraqalpaqstan respublikasi’ baspaso’z ha’m xabar agentliginin’ «Jipek joli’» gazetasi’, Qaraqalpaqstan respublikasi’ ma’mleketlik sali’q basqarmasi’ni’n’ siyasiy-ekonomikali’q «G’a’ziyne» gazetasi’ Qaraqalpaqstan respublikasi’ ma’deniyat ha’m sport ministrliginin’ «Ma’deniyat ha’m sport» gazetasi’, Qaraqalpaqstan respublikasi’ Ministrler Ken’esi, worta arnawli’ ka’sip wo’ner ta’lim basqarmasi’ni’n’ «Ka’siplik bilimlendiriw» gazetasi’, Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ «Qaraqalpaq universiteti» gazetalari’ yesaplanadi’. Bul tarmaqli’q gazetalar wo’z xi’zmeti dawami’nda belgilengen tarawdi’n’ rawajlani’wi’, woni’n’ mashqalalari’ni’n’ sheshimi, wolar ta’repinen ali’p bari’li’p ati’rg’an ibratli’ isler, ma’mleket siyasati’, islep shi’g’i’lg’an ni’zamlar, wolardi’n’ wori’nlarda wori’nlani’wi’, a’tirapta ju’z berip ati’rg’an waqi’ya-ha’diyseler, ta’lim-ta’rbiya, a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalar, wolardi’n’ jetiskenlikleri ha’r ta’repleme u’git-na’siyatlanadi’. Qaraqalpaqstandag’i’ tarmaqli’q gazetalar, wo’zlerinin’ aldi’na qoyg’an maqset ha’m wazi’ypalardan kelip shi’g’i’p tematikasi’, problematikasi’, ha’tteki janrli’q wo’zgeshelikleri menen de biri-birinen aji’rali’p turadi’. Mi’sali’, joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ gazetalari’nda («Qaraqalpaq universiteti») jaslardi’n’ bilimlendiriw bag’dari’ndag’i’ jetiskenlikleri, ilimdegi jan’ali’qlar, jaslardi’n’ huqi’qi’y sawatli’li’g’i’n asi’ri’w joli’ndag’i’ ustazlardi’n’ ibratli’ isleri ha’r qi’yli’ rubrikalardan wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Bul gazetalardi’ Prezidentimizdin’ «Bilimlendiriwdi ta’rbiyadan, ta’rbiyani’ bilimlendiriwden bo’lip qaraw mu’mkin yemes» degen danali’q so’zin su’ren yetip aladi’. Usi’ jerde «O’zbekiston matbuoti» jurnali’ni’n’ 2009-ji’lg’i’ №6 sani’nda ja’riyalang’an (34-bet) N.G’ozievti’n’ «Huqi’qi’y gazeta kerek…pe?» atamasi’ndag’i’ maqalasi’na itibar qarati’p wo’tken maqul. «Bu’gingi ku’nde Watan qorg’awshi’si’ avtomat, diyxan ketpen menen qurallang’ani’ si’yaqli’ ba’rshemiz huqi’qi’y bilimler menen qurallanbag’ani’ da’rkar. Bul qural - so’z qurali’. So’z qurali’ni’n’ bolsa a’skeriy quraldan da ku’shli yekenligin

demokratiyali’q jol menen barati’rg’an du’nyadag’i’ ju’zden aslam ma’mleketlerdin’ ko’pshilik puqaralari’ an’lap jetken. Huqi’qi’y filosofiya menen qurallang’an ha’m ta’rbiyalang’an bati’s ha’m shi’g’i’s puqaralari’ wo’zinin’ yerkinligin, ar-nami’si’n, birinshi gezekte huqi’qlari’ni’n’ yerkinligi menen bolg’an mu’na’sibette ko’redi» - dep ko’rsetedi. Joqari’da atap wo’tkenimizdey Qaraqalpaqstan baspaso’zinde tarmaqli’q gazetalar yesaplang’an «G’a’rezsizlik ha’m ni’zam», «Ti’ni’shli’q saqshi’si’» gazetalari’ huqi’qi’y gazetalar yesaplanadi’. Tiykari’nan bul basi’li’mlardi’n’ tematikasi’ yen’ birinshi gezekte ma’mleketimiz puqaralari’n sergeklikke shaqi’ri’wshi’, ayi’ri’m ju’z berip ati’rg’an unamsi’z illetlerdin’ aldi’n ali’w, soni’n’ menen birge ma’mleketimizde qabi’l yetilgen ni’zamlarg’a hu’rmet penen qarawg’a, woni’ si’ylawg’a ta’rbiyalawdan ibarat.

Qaraqalpaqstan respubliksi’ prokuraturasi’ ta’repinen shi’g’ari’latug’i’n «G’a’rezsizlik ha’m Ni’zam» gazetasi’ mine usi’ mazmundag’i’ tematikada jumi’s ali’p baradi’.

Ma’selen, «Ma’deniyati’mi’z jetkinshekleri», «Ta’lim-ta’rbiya basli’ wazi’ypa», «Solamatlik tumon boylik» rubrikalari’ asti’nda «Konstituciya huqi’q ha’m yerkinligimiz», «mu’na’sip sawg’a boldi’», «yuridikali’q klinika», «Sport g’a’rezsizlik ji’llari’nda», «Chempionlar mektebi» yamasa «Yeskek yesiw mektebinin’ jetiskenlikler», «İtibar ha’m imkaniyat bizdi joqari’ shoqqi’larg’a umti’ldi’radi’», maqalalari’, «Sud zali’nan», «Soran’ juwap beremiz», rubrikalari’ asti’nda ko’plep maqalalar, jurnalistlik do’retiwshilik miynetler, huqi’q qorg’aw sho’lkemleri wa’killerinin’ pikir ha’m usi’ni’slari’ berilip bari’lg’an.

Wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’ tu’rli ma’nawiy qa’wiplerdi, sonday-aq, informaciyali’q topi’li’slardan qorg’awda bir qansha maqalalari’ menen ko’pshilik na’zerine tu’sip kiyati’rg’an gazetalardi’n’ biri «Ti’ni’shli’q saqshi’si’» dep yesaplasaq boladi’.

Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’ u’yreniw dawami’nda bul gazetani’n’ jumi’slari’nda na’zerden shette qaldi’rmadi’q. Bul gazeta 2003-ji’ldi’n’ 1-may sa’nesinen baslap «Yel ti’ni’shli’g’i’ ushi’n» su’reni asti’nda u’zliksiz shi’g’i’p kelmekte. Gazeta betlerinde «Ogohlik», «Sergeklik ha’miyshe kerek», «Na’shebentlik a’sir illeti», «Ni’zam buzi’wshi’li’qti’n’ aldi’n alayi’q», «Soran’i’z juwap beremiz» rubrikalari’ asti’nda ko’plep maqalalar ja’riyalap barg’an.

Juwmaqlap aytqanda tarmaq gazetalari’ ken’ auditoriyag’a ku’nnin’ basli’ temalari’n jari’ti’p beriwde belsendiklik ko’rsetpekte. Wolardi’ jumi’s islep ati’rg’an jurnalistler de wo’zi islep ati’rg’an tarawg’a qa’nigelesip ati’rg’anli’g’i’na isenemiz. Tarawli’q gazetalarda ko’zge ko’ringen belgili jurnalistlerden Miyasar Kabulova, Qi’di’rbay Seytmuratov, Paraxat Habibullaev, Hu’rmet Atajanovlardi’n’ ati’n atap wo’tsek boladi’.

## II bap. Kitap basi’li’mlari’ ha’m jurnallar baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ bir tu’ri si’pati’nda

O’zbekistan g’a’rezsizlikke yeriskkennen keyin xalqi’mi’z aldi’nda yeki a’hmiyetli wazi’ypa turdi’.

Birinshisi; - milliy ma’mleketlik suverentetti ta’miyinlew, yekinshisi; - bazar qatnasi’g’i’na (ekonomikasi’na) wo’tiw. A’lbette, bul processler wo’z-wo’zinen a’melge aspaydi’. Buni’n’ ushi’n birinshi gezekte ma’mleketti basqari’wdi’n’ jan’a mexanizmin islep shi’g’i’w za’ru’rligi kelip shi’qti’. Prezidentimiz İ.A.Karimovti’n’ basli’g’i’nda bul qi’yi’n joldi’ xalqi’mi’z ma’rdana basi’p wo’tti. G’a’rezsizliktin’ da’slepki ku’nlerinen baslap-aq, du’nyani’n’ 150 den aslam ma’mleketleri O’zbekistandi’ g’a’rezsiz ma’mleket dep ta’n aldi’. Derlik, wolardi’n’ ha’mmesi menen diplomatiyali’q qatnasi’qlar wornati’ldi’. Bazar qatnasi’qlari’na basqi’shpa-basqi’sh wo’tiw konsepciyasi’ wo’z na’tiyjesin berdi. Bu’gingi ku’nde O’zbekistan tan’lag’an joldi’ bu’tkil du’nya ta’n almaqta. Xali’qti’n’ socialli’q-ekonomikali’q jag’daylari’n jaqsi’lawg’a, puqaralardi’n’ huqi’q ha’m kepilliklerin saqlawg’a qarati’lg’an. Ko’plep ni’zamlardi’n’ qabi’l yetiliwi ha’m woni’n’ is ju’zindegi na’tiyjesi so’zimizdin’ mi’sali’. G’a’rezsizlik ji’llari’nda O’zbekistanda baspaso’z, sonday-aq, kitap basi’li’mlari’ da rawajlani’p barmaqta.

G’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’nan baslap-aq, jan’adan-jan’a baspadan payda bola basladi’. Kitap basi’li’mlari’na ha’m baspa islerindegi jetiskenlikler baspa islerinin’ zamanago’y jetiskenliklerin wo’zlestiriw menen qa’lipleskenligin ko’remiz. Bul bag’darda «O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Moshillik foaliyati haqqi’nda» g’i’ ni’zami’ (1996-ji’l 30-avgust) huqi’qi’y tiykar boldi’. Bul ni’zamni’n’ qabi’l yetiliwi menen basi’li’mlar baspa isleri bag’dari’nda, temalar qa’nigelesiw, shi’g’ari’latug’i’n wo’nimlerdin’ tiraji’n belgilewde, avtor tan’lawda yerkin miynet yetiw mu’mkinshiligine iye boldi’. Usi’ ni’zam tiykari’nda yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler ni’zam hu’jjetlerde

belgilengen ta’rtirpte ma’mleketlik dizimnen wo’tip licenziya alg’annan keiyn baspa isi xi’zmeti menen shug’i’llani’w huqi’qi’na iye boldi’. Baspag’a tayarlang’an qol jazba ha’m materiallardi’ cenzuradan wo’tkeriw biykar yetildi. Basi’li’mlar bazar ekonomikasi’nan kelip shi’g’i’p qari’ydarbap kitaplar basi’p shi’g’ari’wg’a ha’reket yetti.

O’zbekistan Respublikasi’ prezidentinin’ 2002-ji’l 3-iyuldag’i’ «Matbuot va axborot sohasida boshqaruvni takominlashtirish tug’risi» i’ndag’i’ pa’rmani’ tiykari’nda O’zbekistandag’i’ baspa islerine basshi’li’q yetip kelgen O’zbekistan Respublikasi’ ma’mleketlik baspaso’z komiteti O’zbekistan Respublikasi’ «Matbuot va axborot agentligi» yetip qayta sho’lkemlestirildi. Agentlikke, basqa wazi’ypalar qatari’nda, baspa isleri ha’m poligrafiya islerin ken’ ko’lemde rawajlandi’ri’wg’a ko’meklesiwge, ni’zamshi’li’qqa boysi’ni’w u’stinen monitoringti a’melge asi’ri’w, baspa ha’m poligrafiya xi’zmetin islep shi’g’ari’w texnikali’q bazasi’n rawajlandi’ri’w ha’m jan’alaw, sertifikatlasti’ri’w ha’m standartlasti’ri’w bag’dari’ndag’i’ is ilajlardi’ islep shi’g’ari’w ha’m a’melge asi’ri’w wazi’ypalari’ ju’kletildi.

2002-ji’ldi’n’ 10-aprelinde O’zbekistan baspaso’z ha’m xabar agentligi dizimindegi G’afur G’ulom ati’ndag’i’ a’debiyat ha’m sanaat, «Yozuvchi» baspalari’ ha’m ren’li baspa fabrika birlestirilip, G’afur G’ulom ati’ndag’i’ baspa poligrafiya do’retiwshilik u’yi (NMİU nashriyot matbaa ijodiy uyi) yetip sho’lkemlestirildi.

O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 2004-ji’l 11-iyundag’i’ «O’zbekistan baspaso’z ha’m xabar agentligi xi’zmetin ja’nede jetilistiriw haqqi’nda»g’i’ 274-qarari’ tiykari’nda O’zbekistan baspaso’z ha’m xabar agentligi qurami’ndag’i’ «O’zbekiston», «Mehnat», «O’zBLANK nashr» baspalari’, Toshkent poligrafiya kombinati’ birlestirilip «O’zbekistan nashriyot-matbaa ijodiy uyi» (O’zbekiston NMİU) ne aylandi’ri’ldi’. «Wqituvchi» baspasi’ ha’m Tashkent kitap-jurnal fabrikasi’ tiykari’nda «O’qituvchi» baspa poligrafiyali’q do’retiwshilik u’yi, «Sholpan» baspasi’ (1986-ji’ldan xi’zmet

yetip kelgen), «İjod dunyosi» baspasi’ (2000-ji’ldan xi’zmette), ha’m de baspaxana birlestirilip «Sholpan» baspa poligrafiyali’q do’retiwshiler u’yi («Sholpan NİMU») sho’lkemlestirildi.

«O’zbekistan milliy inciklopediyasi’» ma’mleketlik ilimy baspasi’na Abdulla Qodriy ati’ndag’i’ «Xalq merosi» baspasi’, Abu Ali İbn Sino ati’ndag’i’ «Tibbiyot baspasi’» qosi’li’wi’, birigiwi menen «O’zbekistan milliy inciklopediyasi’ ma’mleketlik ilimiy baspasi’» dep atala basladi’. 2006-ji’ldi’n’ birinshi marti’na shekem O’zbekistan baspaso’z ha’m xabar agentligine 60 baspa dizimnen wo’tkerilgenin bilemiz. Bulardan 37 si ma’mleketlik, 6-i’ ja’ma’a’tlik, 11 menshik, 6-i’ akcionerlik baspalar yedi.

Baspa isleri ha’m poligrafiya tarawi’na jan’a zamanago’y texnologiyalardi’ yengiziw ku’nnin’ yen’ a’hmiyetli wazi’ypalari’nan boli’p qalmaqta. 2006-ji’ldi’n’ 1-marti’na shekem 1100 den arti’q poligrafiyali’q ka’rxanalar O’zbekistan Respublikasi’ baspaso’z ha’m xabar agentliginen dizimnen wo’tken.

Du’nyadag’i’ rawajlang’an ma’mleketler menen birgelikte islesiw bul bag’darda wo’z na’tiyjelerin bere baslaydi’. Mi’sali’, «Sharq Yulduzi» kompaniyasi’nda is wori’nlari’ yen’ zamanago’y texnologiyalar menen ta’miyinlengen. AQShti’n’ «Eastern Trading House INC», firmasi’, Germaniyani’n’ «Siglosh Mascinenbou GmbH», «KBA Planeta Bogenoffset» ha’m «Ferrostail AG» ha’m de Avstriyani’n’ «Muller Martini GmBH» firmalari’ menen birgelikte jan’a texnologiyalar ali’p kelinip wornati’ldi’.

XX a’sirdin’ son’g’i’ won ji’lli’g’i’ baspa isleri tariyxi’nda jan’a basqi’shqa-kompyuter qurallari’n ken’nen qollani’w da’wirin baslap berdi. Koppyuterlestiriw wo’nim si’pati’n ta’miynlewde u’lken jetiskenliklerge tiykar jaratti’. Ha’zirgi waqi’tta wog’an ba’sekeles ta’rizde dizayn ma’deniyati’, poligrafti’ dizayner si’yaqli’ qa’nigelerde qa’liplesti, wolar baspa isleri boyi’nsha wo’z u’leslerin qospaqta.

Ha’zirgi ku’nde, baspalar sanlari’ (raqamlari’, nomerleri) xali’qarali’q standart ISBN di’ basqapri’w ushi’n ISBN xali’q arali’q agentliginin’ ha’r bir ma’mlekete biyg’a’rez xi’zmet isleytug’i’n milliy agentligi du’zildi.

Bu’gingi ku’nde O’zbekistan Respublikasi’ du’nya ma’mleketleri menen birgelikte islesiw joli’ndag’i’ say ha’reketleri wo’z na’tiyjelerin berip ati’r. Ma’mleketimiz turmi’si’nda u’lken a’hmiyetke iye bolg’an hu’jjetlerdin’ shet yellerde basi’li’p shi’g’i’wi’na da itibar qarati’lmaqta. Ma’selen, O’zbekistan Respublikasi’ Konstitutciyasi’ni’n’ teksti tek ma’mleketlik tilde g’ana yemes, al ha’zirgi ku’nde rus, nemec, francuz, anglichan tillerinde baspadan shi’g’ari’ldi’. Bul g’a’rezsiz O’zbekistan ma’mleketinin’ jetiskenliklerine si’rt yel siyasiy a’sbablari’ni’n’, isbilermen ha’m ma’deniyat tarawi’ xi’zmetkerlerinin’ u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q penen qarap ati’rg’anli’g’i’nan da’rek beredi.

Bu’gingi ku’ndegi yen’ tiykarg’i’ wazi’ypalardi’n’ biri «O’zbekistan – menin’ Watani’m» si’yaqli’ toplamlar, ma’mleket, gerb, gimni, bayrag’i’ haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar tiykari’nda mektepke shekemgi ta’rbiya jasi’ndag’i’ balalardan baslap, jan’a a’wladti’n’ sanasi’n jetilistirip bari’w maqsetke muwapi’q sanaladi’.

Bu’gingi ku’nde O’zbekistanni’n’ kitap basi’p shi’g’ari’wshi’ yen’ u’lken «Sharq», «Mehnat», «O’qituvchi» baspalari’ Germaniyani’n’ «Xidelberg», «KVA» firmalari’ni’n’ zamanago’y texnologiyalari’ menen ta’miyinlengen. Wo’tken qi’sqa da’wirler ishinde avtorlar, juwapli’ redaktorlar, pikir bildiriwshilerdi tan’law wolardi’n’ sani’n ko’beytiw boyi’nsha ken’ ko’lemli jumi’slar ali’p bari’ldi’. Baspadan shi’g’ari’p ati’rg’an kitaplardi’n’ sapasi’n jaqsi’law, ideyali’q jetilisken, joqari’ sapadag’i’ kitaplardi’ baspadan shi’g’ari’w boyi’nsha respublikadag’i’ tiyisli sho’lkemler, ilimiy ma’seleler menen birgelikte jumi’slar ali’p bari’lmaqta. Bul da’wirde kitaplardi’ basi’p shi’g’ari’w wolardi’ ku’ndelik gazeta-jurnallarda, radio-televideniede u’git-na’siyatlaw yen’ a’hmiyetli wazi’ypalardan yesaplanadi’. Mine, usi’ u’git-na’siyatlawdi’ jolg’a qoyi’w maqsetinde 2001-ji’ldi’n’ 8-dekabr sa’nesinen

baslap «Kitap du’nyasi’» atamasi’ndag’i’ gazeta shi’g’ari’lmaqta. Bul gazetada «Nashriyotlar tuhfasi» atamasi’nda arnawli’ bet sho’lkemlestirip jan’a kitaplar haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar berilip bari’ladi’.

Du’nyani’n’ derlik barli’q ma’mleketlerinde baspaso’z ha’m kitap basi’p shi’g’ari’wshi’li’q isleri ja’miyettin’ ja’miyetlik-siyasiy turmi’si’nda jetekshi wori’ndi’ iyeleydi. Prezidentimiz wo’z so’zinde «Ja’miyetimizdin’ bu’gingi turmi’si’, woni’n’ barli’q quwani’shli’, soni’n’ menen birge mashaqatli’ ta’repleri G’XQda qanshelli haqi’yqatli’q principleri negizinde wo’z sa’wleleniwin tapsa, ja’miyetimizde adalat, tuwri’ so’zlilik muhiti’ hu’kimran boladi’» - dep atap wo’tken yedi. Baspalari’mi’zdi’n’ a’melge asi’ri’p ati’rg’an jumi’slari’ ja’miyetlik pikirdi qa’liplestiriwde, milliy g’a’rezsizlik ideyasi’n xalqi’mi’zdi’n’, yen’ da’slep jas a’wladti’n’ sanasi’na sin’dirip bari’wdag’i’ ayri’qsha.

Prezidentimiz atap wo’tkenindey «Joqari’ shoqqi’larg’a yerisiw ushi’n, keyingi ji’llarda ma’mlketimizde ni’zamshi’li’q tarawi’nda ha’m a’meliy turmi’si’mi’zda g’alaba xabar qurallari’ ha’m kitap basi’p shi’g’ari’w tarawi’ni’n’ yerkin xi’zmeti ushi’n za’ru’r kepillikler ha’m jag’daylar tuwg’i’zi’p beriw, jurnalist kadrlardi’ tayarlaw sistemasi’n jetilistiriw bag’dari’nda ko’p jumi’slar qi’li’ndi’ ha’m qi’li’nbaqta». («To’rtinshi ha’kimiyat» T., «Mehnat», 2003).

Ma’mlketimizde birinshi ma’rte «Baspa xi’zmeti haqqi’nda»g’i’ yen’ a’hmiyetli ni’zam. 1996-ji’li’ 30-avgustta qabi’l yetildi. Bul ni’zam ma’mlketlik ka’rxana ha’m de sho’lkemler menen bir qatarda, bul tarawda xi’zmet yetip da’ramat tabi’wdi’ aldi’na maqset yetip qoyg’an fizikali’q ta’replerge de ken’ mu’mkinshilikler ashi’p berdi. 1997-ji’li’ 11-avgusttan «Noshrlik faoliyati bilan shug’illanish masalalarini tartibga solish» haqqi’nda O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ Qarari’ qabi’l yetildi.

2003-ji’ldi’n’ 3-iyulnda O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ «Baspaso’z ha’m ma’limleme tarawi’nda basqari’wdi’ jetilistiriw haqqi’nda»g’i’

pa’rmani’ qabi’l yetildi. Bul pa’rmannan go’zlengen maqset ma’mlkettin’ ja’miyetlik turmi’si’n demokratiyalasti’ri’w bari’si’nda G’XQ haqqi’ndag’i’ ha’m de «Baspa xi’zmeti haqqi’nda»g’i’ ni’zamlarg’a muwapi’q respublika xalqi’ni’n’ ma’limlemege bolg’an talap ha’m za’ru’rligin ja’ne de toli’g’i’raq qandi’ri’w, G’XQ, Baspa isleri ha’m poligrafiya xi’zmetin ken’ ko’lemli rawajlandi’ri’wg’a ko’meklesiw ma’mlimleme xi’zmetlerinin’ zamanago’y bazari’n qa’liplestiriwden ibarat. Bul u’lken wazi’ypani’ wori’nlaw O’zbekistan respublikasi’ Baspaso’z ha’m xabar agentligi juwapkershiligine ju’klendi.

O’zbekistan – poligrafiya sanaati’ rawajlang’an ma’mleketler menen birgelikte jumi’s ali’p bari’wdi’ jaqsi’ jolg’a qoyg’an. Usi’ni’n’ na’tiyjesinde ha’r ji’li’ Tashkent qalasi’nda «Uzbekprint» xali’q arali’q ko’rgizbesi wo’tkeriledi. Bul ko’rgizbege AQSh, Aziya ma’mleketleri, Bati’s Evropa ma’mleketleri biyg’a’rez ma’mleketlerdin’ dosli’q awqami’ ma’mleketleri qatnasadi’.

# III bap. Internet tarmag’i’nda baspa g’alaba xabar qurallari’

Informaciya a’siri dep ta’n ali’ni’p ati’rg’an XXI a’sirde ma’limleme tarqati’wdi’n’ ha’m ma’limleme qabi’l yetiwdin’ yen’ uti’mli’ ha’m de a’hmiyetli tu’rlerinin’ biri İnternet jurnalistika boli’p qaldi’. Bu’gingi ku’nde O’zbekistanda 10 millionnan aslam adamlar İnternet tarmag’i’na baylani’si’w mu’mkinshiligine iye. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda jasawshi’ puqaralari’ da bu’gingi ku’nde İnternet tarmag’i’nan paydalani’w, veb-saytlarg’a iye boli’w ha’m de u’lken portalardi’ ashi’w mu’mkinshiliklerine iye bolmaqta. Adamlar ko’nligip bolg’an televidenie, radio, gazeta ha’m jurnallar si’yaqli’ g’alaba xabar qurallari’ menen bir qatarda ha’zirgi ku’nde internet te ja’miyetke massali’q kommunikaciya-informaciya almasi’wi’ qurali’ si’pati’nda kirip kelmekte.[16] Sebebi, İnternet qa’legen auditoriya ushi’n g’alaba xabar qurallari’n yen’ ta’sirshen’ qurali’ si’pati’nda sheklenbegen mug’darda informaciya ha’m xi’zmetlerden paydalana ali’w imkaniyati’n beredi.

Bu’gingi gazeta woqi’wshi’si’ yaki tele tamashago’y, radio yesittiriwler i’qlasbentleri wo’zine kerekli bolg’an mag’li’wmatlardi’, wo’zi qi’zi’qqan jan’ali’qlardi’ gazetani’n’ jan’a sani’n ku’tpey-aq, yaki telekanallarda informaciyali’q bag’darlamalar wo’tip ketken bolsa da, radioesittiriwlerdi ti’n’lawdan kesh qali’p qoysa da, sol g’alaba xabar qurallari’ni’n’ veb-saytlari’na kiriw arqali’ wo’zi bilgisi kelgen mag’li’wmatqa iye bola aladi’. Du’nyada ju’zege kelip ati’rg’an ekonomikali’q, sonday-aq, ja’miyetlik siyasiy processlerdin’ rawajlani’wi’ na’tiyjesinde jan’asha informaciyali’q texnologiyalardi’n’ payda boli’wi’ ha’m ku’n sayi’n bul bag’dardag’i’ keskin rawajlani’wlar g’alaba xabar qurallari’ xi’zmetine bolg’an za’ru’rliktin’ jedel pa’t penen wo’siwine tiykar bolmaqta.

---

[16] Қараң: Қудратхўжаев Ш. Интернет: тарихи, турилиши, техник хавфсизлиги. 3-бет Т.: «Өзбекистан» 2011-жыл.

İlim ha’m texnikani’n’ tez pa’t penen rawajlani’wi’, xi’zmettin’ barli’q salalari’nda jetilisken g’alaba xabar qurallari’ni’n’ jan’a du’zilisinin’ yengiziliwi ha’m wolardi’n’ ken’ tu’rde qollani’li’wi’, bul bag’dardi’n’ qanday da’rejede boli’p ati’rg’ani’n ilimiy ko’z-qarastan u’yreniw, bul jan’ali’qti’n’ tez tarqali’wshi’ qural yekenligin ja’ne bir ma’rte tasti’yi’qlaydi’. Bul wo’z gezeginde XX1 a’sirdin’ ha’r bir shan’arag’i’na kirip bari’wshi’ İnternet tarmag’i’ni’n’ qanshelli da’rejede a’hmiyetli yekenligin bildiredi. Bul ma’selege 2010-ji’ldi’n’ 12-noyabr ku’ni boli’p wo’tken Oliy Ma’jlistin’ ni’zamshi’li’q palatasi’ ha’m Senatti’n’ qospa ma’jilisinde Prezidentimiz İslam Karimov «Ma’mleketimizde demokratiyali’q reformalardi’ ja’ne de teren’lestiriw ha’m puqarali’q ja’miyetti rawajlandi’ri’w koncepciyasi’» atamasi’ndag’i’ jasag’an bayanati’nda ayri’qsha itibar qaratti’. «O’zbekistanda keyingi ji’llarda jasalma joldas baylani’s tarmag’i’ arqali’ teleradiobag’darlamalardi’ tarqati’w jolg’a qoyi’ldi’. Bu’gingi ku’nde ma’mleketimizdin’ telekommunikaciyalar sistemasi’ du’nyani’n’ 180 ma’mleketine 28 jo’nelis boyi’nsha tuwri’dan tuwri’ shi’g’atug’i’n xali’q arali’q kanallarg’a iye. Jurti’mi’zdag’i’ teleradiokanallar ta’repinen tayarlanatug’i’n ko’rsetiw ha’m yesittiriwler İnternet globaltarmag’i’ arqali’ real waqi’t rejiminde ja’ha’nge uzati’lmaqta.

Du’nyadag’i’ jetekshi ma’mleketlerdin’ ta’jiriybelerine su’yengen halda kadrlar tayarlaw ha’m qayta tayarlaw milliy sistemasi’ni’n’ jetilistiriliwi ma’limleme tarawi’ndag’i’ xi’zmettin’ sapasi’ ha’m da’rejesin artti’ri’wg’a qarati’lg’an ilajlar sistemasi’nda ko’p ta’repten sheshiwshi a’hmiyetke iye boldi’.

Bunday ken’ ko’lemdegi jumi’slar na’tiyjesinde tek keyingi 10 ji’ldi’n’ wo’zinde baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ sani’ 1,5 yesege, elektron g’alaba xabar qurallari’ni’n’ sani’ 7 yesege ko’beydi»[17]. Bu’gingi ku’nde wolardi’n’ uli’wma sani’ 1372 ge jetti. Bu’gingi ku’nde g’alaba xabar qurallari’ni’n’

[17] Каримов И. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды еледе жетилистириў ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў консепциясы». «Еркин Қарақалпақстан» 2010-жыл 16-ноябрь

imkaniyatlari’ ko’beydi. Wolar jan’a texnologiyali’q jetiskenlikler den ken’ paydalani’w mu’mkinshiligine iye boldi’.

Du’nyali’q ko’lemdegi jan’ali’qlardi’ internet arqali’ qabi’l yetiw ha’m wolardi’ gazeta betlerinde ja’riyalap bari’w arqali’ uzaq awi’llarda jasawshi’ puqaralardi’n’ informaciyag’a bolg’an talabi’n qanaatlandi’ri’wg’a xi’zmet qi’la basladi’.

Bul bag’darda islenip ati’rg’an ilajlar ha’m wolardi’n’ bu’gingi na’tiyjesi. O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabineti ta’repinen qabi’l yetilgen «Kompyuterlestiriwdi bunnan bi’lay da rawajlandi’ri’w ha’m informaciyali’q kommunikaciya texnologiyalari’n yengiziw ilajlari’ haqqi’nda»g’i’ arnawli’ qarari’nda «jergilikli kompyuter tarmaqlari’nan, sonday-aq İnternet tarmaqlari’nan paydalani’wdi’, basqi’shpa-basqi’sh u’yreniw ilajlari’n a’melge asi’ri’wdi’ basli’ maqset yetip qoydi’. Wonda 2002-ji’ldi’n’ aqi’ri’na shekem wo’zlerinin’ aktiv isleytug’i’n veb-saytlari’n kirgiziw, wolardi’ İnternet tarmag’i’na jaylasti’ri’w ha’m keleshekte turaqli’ tu’rde jan’alani’p bari’w»[18] wazi’ypalari’ belgilengen yedi. Qabi’l yetilgen bul qarar, a’sirese, internetten paydalani’w bag’dari’nda maqsetli jumi’slardi’ a’melge asi’ri’wg’a tiykar boli’p, du’nya jan’ali’qlari’n bilip bari’wg’a ha’m ma’mleketimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalardi’n’ ani’q maqsetin ha’m a’hmiyetin du’nya ju’zine tarati’wg’a imkaniyat jarati’p berdi. Du’nyada ku’shli ba’sekige iye bolg’an informaciya bazari’ni’n’ qa’liplesiwi na’tiyjesinde İnternet xi’zmetinen paydalani’w mu’mkinshiliklerinin’ a’melge asi’wi’ barli’q g’alaba xabar qurallari’na u’lken juwapkershilik ju’klemekte. O’zbekistan boyi’nsha 2014-ji’ldi’n’ 1-fevral sa’nesine shekem 709 gazeta, 289 jurnal, 14 axborotnama byulleten, 4 ma’limleme agentligi, 63 televidenie, 32 radio, 261 veb-sayt, sonday-aq 108 kitap baspasi’, 1750 den aslam poligrafiyali’q ka’rxanalar ma’mleketlik dizimnen wo’tken. G’alaba xabar qurallari’ sani’ni’n’ arti’p

[18] «Компьютерлаштиришни янада ривожлантириш ва ахборот коммуникасия технологияларини жорий этиш чора тадбирлари туғрисида» Узбекистон Республикаси Вазирлар Махкамаси Қарори. «Халқ сўзи». 2002 й. 8-июнь.

bari'wi' respublikada media bazari'ni'n' jedel qa'liplesiwinen da'rek beredi. Sonli'qtan, bul bag'darda ma'mlekette qabi'l yetilgen ni'zamlardi' jetilistirip bari'w ha'm wolarg'a a'mel yetiwdi ta'miyinlew basli' wazi'ypalardi'n' biri boli'p qala beredi.

Demek, tan'lang'an informaciyani'n' duri'sli'g'i', ani'qli'g'i', woni'n' ja'miyetlik pikirdin' qa'liplesiwine ta'sir yetiw ku'shi haqqi'nda birinshi gezekte informaciyani' internetten ali'p ja'riyalap ati'rg'an g'alaba xabar qurallari' juwapkershiliginde bolatug'i'n boldi'. Sebebi, İnternet tarmag'i'ndag'i' informaciyalar toplami'ni'n' maydani' sheksiz. Sonli'qtan da ha'r ku'ni sutkasi'na 24 saat dawami'nda wo'z qari'ydalari'na u'zliksiz, toqtawsi'z tu'rde jan'a xabarlardi' jetkerip beriwge xi'zmet qi'ladi'.

Sonli'qtan biz internet materiallari'ni'n' Qaraqalpaqstan baspa so'zinde beriliw ma'selesin talqi'law ushi'n to'mendegilerge itibar qaratti'q:

- Qaraqalpaqstan baspaso'zinde İnternet materiallari'ni'n' paydalani'w ha'm ken' ja'miyetshilikke tarqati'w mu'mkinshiliklerin u'yreniw ha'm woni'n' jetiskenlikleri menen bul bag'dardag'i' mashqalalari'na baha beriwden ibarat;

- Qaraqalpaqstanda g'alaba xabar qurallari'ni'n', soni'n' ishinde baspaso'z xi'zmetinin' veb-saytlari' ha'm wolardi'n' xi'zmetin baqlap bari'w;

- Bul bag'darda respublikali'q, qalali'q, rayonli'q, tarmaqli'q, ma'mleketlik yemes gazetalardi'n' mu'mkinshiliklerin sali'sti'rmali' u'yreniw;

- O'zbekistan ko'leminde tarqati'latug'i'n Respublikali'q gazetalarda, sonday-aq, siyasi'y partiyalardi'n' gazetalari'nda internet materiallari'nan paydalani'w mu'mkinshiliklerin u'yreniw;

- Qaraqalpaqstan baspaso'zinde internet materiallari'ni'n' janrli'q wo'zgesheliklerine analiz jasaw.

XXI a'sir informaciya a'siri si'pati'nda ta'n ali'ni'p ati'rg'an bu'gingi ku'ndegi basli' ma'selelerdin' biri, kompyuterlesken zamanago'y texnologiyani'n' jetiskenliklerin teren'nen u'yreniw ha'm a'meliyatqa yengiziw boli'p tabi'ladi'. Bul arqali' g'ana ma'mleketimizde jasap ha'm miynet yetip

ati’rg’an ha’r bir puqarani’n’ informaciya ali’wg’a bolg’an Konstitutciyali’q huqi’qlari’n ta’miyinlegen bolami’z. Bu’gingi Qaraqalpaq jurnalistikasi’ni’n’ aldi’nda turg’an wazi’ypalar da mine usi’lar.

Bu’gingi ku’nde du’nya ju’zilik kompyuter tarmag’i’ wo’zinde sheksiz informaciya ha’m mag’li’wmatlardi’ ja’mlew, woni’ kereginshe tarqati’w mu’mkinshiliklerinin’ arti’wi’ internettin’ g’alaba xabar da’regi ha’m qurali’ si’pati’nda ja’ne de yen jayi’wi’na, g’alabalasi’wi’na mu’mkinshilikler jarati’p bermekte.

XXI a’sirdin’ yekinshi won ji’lli’g’i’ni’n’ wo’zinde O’zbekistanda internet tarmag’i’nan paydalani’wshi’lardi’n’ soni’n’ 10 millionnan asi’p ketiwinin’ wo’zi bul baylani’s da’reginin’ kelesheginin’, mu’mkinshiliklerinin’ sheksizliginen da’rek bermekte.

Solay da bolsa, Qaraqalpaqstan baspaso’z tarmag’i’ bul mu’mkinshiliklerden na’tiyjeli paydalani’p ati’rma, degen sorawg’a biz unamli’ juwap tabami’z dep ayta almaymi’z. Sebebi, bazar qatnasi’g’i’ qa’liplesken bu’gingi ku’nde ha’r bir gazeta redakciyasi’ni’n’ bunday mu’mkinshiliklerden paydalani’w shegarasi’ a’lbette, wolardi’n’ ekonomikali’q jag’daylari’ menen wo’lshenedi. Wonnan qala berse gazeta redakciyalari’nda xi’zmet yetiwshi do’retiwshi ja’ma’a’ttin’ bilim da’rejesi, woy-wo’risinin’ ken’ligi, du’nyali’q talaplar negizinde ha’reket yetiw qa’biletinin’ wozi’qli’g’i’ da bul na’rsege ta’sir yetiwi so’zsiz.

Bu’gingi ku’nde Qaraqalpaqstan baspaso’zi zamanago’y texnologiyalar menen toli’q ta’miyinlendi dep ayta almaymi’z. Respublikali’q ko’lemde shi’g’atug’i’n «Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana», «Qaraqalpaqstan jaslari’», «Qoraqalpog’iston tongi», «Jetkinshek» gazetalari’ zamanago’y texnologiyalar kompyuterler menen ta’miyinlengeni menen poligrafiyali’q xi’zmettin’ to’menligi, yele, usi’ ku’nge shekem gazetalardi’n’ ren’siz, aq qara baspalarda shi’g’ari’li’wi’ woqi’wshi’lardi’n’ az da bolsa qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’wi’ni’n’ pa’seyiwine sebep bolmaqta. Sebebi, O’zbekistan

ko'lemindegi «Халқ сўзи», «Нардное слова», «Marifat», «O'zbekistan havozi» ha'm tag'i' da basqa ko'plegen gazetalardi'n' ren'li baspadan shi'g'ari'li'wi' sali'sti'rmali' tu'rde bizin' gazetami'zdi'n' bazar bahasi'ni'n' to'menleniwine ta'sirin tiygizbekte. Bazar qatnasi'g'i' da'wirinde bul gazetalarg'a sali'sti'rg'anda tarmaq gazetalari' bolg'an «Ti'ni'shli'q saqshi'si'», «G'a'rezsizlik ha'm ni'zam», «Shi'paker», «Ustaz joli'» gazetalari'ni'n' ken' ja'miyetshilik aldi'nda mu'mkinshiliklerinin' ko'beygenin, wolardi'n' woqi'wshi'lari'ni'n' sani'ni'n' artqanli'g'i' ha'm gazeta dizaynlerinin' de wo'zgesheliklerge, u'stinliklerge iye boli'p ati'rg'anli'g'i'n ko'remiz. Usi' jerde rayonli'q ha'm qalali'q gazetalardi'n' mu'mkinshiliklerinin', ekonomikali'q jag'daylari'ni'n' to'men boli'p qali'p ati'rg'anli'g'i' ashi'narli' hal. Wolar ta'repinen tayarlang'an wo'nimnin' (gazetani'n') bazardi' ko'termewi aqi'betinde gazetalardi'n' tirajlari' ji'ldi'n' da'slepki aylari'ni'n' wo'zinen-aq wog'ada to'men da'rejege tu'sip qalmaqta.

A'lbette, bunday qi'yi'nshi'li'qlardan shi'g'i'w jollari'n qarasti'ri'w Qaraqalpaqstan baspaso'zi tarawi' xi'zmetkerlerinin' aldi'nda turg'an basli' wazi'ypalardan sanaladi'.

Qaraqalpaqstan baspaso'zinde hu'kimetlik, qalali'q, jergilikli sonday-aq, tarmaqli'q gazetalardan basqa ma'mleketlik yemes gazetalarda xi'zmet yetpekte. Bunday gazetalar, «Nukusskaya nedelya», «Perekrestok» ku'ndelikli gazetalari' tiykari'nan kommerciyali'q, reklamali'q maqsetlerde sho'lkemlestirilgen. Solay da bolsa, derlik ko'pshilik gazetalari'mi'z internet tarmag'i'nda wo'zlerinin' «Veb-sayt»lari'na ha'm de «on-layn»lari'na iye. A'lbette, bul veb-saytlardi' ma'limlemeler menen ta'miyinlew «jurnalistika» tarawi'nda xi'zmet yetiwshi qa'nigelerdin' wazi'ypasi'na kiredi. Bu'gingi g'alaba xabar qurallari' tu'siniginin' ma'nisi Ku'n sayi'n ken'eyip, woni'n' tu'rleri ko'beymekte. Woni'n' tu'rlerinin' qanshelli ko'p, ma'nisinin' wog'ada ken'ligine qaramastan bulardi'n' ha'mmesin bir ja'mlep «jurnalistika» dep ataydi'. Baspaso'z, radio, televidenie, radio internet, bulardi'n' barli'g'i' g'alaba xabar qurallari' tu'sinigin

berse, wolarda xi'zmet isleytug'i'n qa'nigeni jurnalist, al jurnalistlik ka'sipti jurnalistika dep qabi'l yetilgen. Bu'gin bul atamag'a hesh kim tan'lani'p ta, hayran boli'p ta qaramaydi'. Bu'gingi ali'mlar «jurnalistika» so'zinin' bir neshe ma'nige iye yekenligin da'liyllewge ha'reket yetedi. «Birinshi na'wbette, woni'n' socialli'q a'hmiyetine iye bolg'an ma'limlemeni ji'ynaw, qayta islew ha'm tarqati'w si'yaqli' do'retiwshilik ha'm ja'miyetlik siyasiy xi'zmeti tu'sinigi payda boldi'. Yekinshi ma'nisi, g'alaba xabar qurallari' ushi'n operativ xabarlar jazi'wshi' adamlardi'n' ka'sibin bildiredi. Bu'gingi ku'nde bul tu'rge redaktor, xabarshi', juwapli' xatker, sholi'wshi', redakciya menen ja'ma'a'tshilik tiykari'nda birgelikte jumi's ali'p bari'p ati'rg'an avtor ha'm basqalardi' kirgiziw mu'mkin.[19]

Bu'gin du'nyada jasawshi' ha'r bir puqara (solardi'n' ishinde O'zbekistan, Qaraqalpaqstanda jasawshi' ha'r bir puqara) qa'legen waqti'nda, qa'legen ma'mleketke internet arqali' shi'g'i'w mu'mkinshiligine iye. Wondag'i' protokollar sistemasi' arqali' basqari'latug'i'n barli'q tarmaqlar bir-biri menen baylani'sli' ha'm bir-biri menen qari'ydardi'n':

- mag'li'wmatlardi' saqlaw, izlew, basi'p shi'g'ari'w, ko'shiriw, uzati'w ha'm qabi'l yetiw;

- tekst, dawi's, video, foto, grafika, muzi'ka ha'm basqa formalardag'i' mag'li'wmatlardi' interaktiv tu'rde almasti'ri'w mu'mkinshiligin jarati'p beredi. Bug'an ha'zirgi waqi'tta uyali' telefonlardi'n' qosi'lg'anli'g'i'n atap wo'tsek boladi'.

İnternet xali'q arali'q baylani's g'ana yemes, wo'z-ara ali's beriske de tiykar jaratti'. Bunday mu'mkinshiliklerden g'alaba xabar qurallari', baspaso'z, jurnalistika da'slepkilerden boli'p paydalana basladi'. Bul jurnalistlerge operativlilikti, wo'z isine, ka'sibine juwapkershilikti artti'ri'w menen birge, wo'z sheberliklerin joqari' da'rejede iske asi'ri'wg'a mu'mkinshilikler berdi.

---

[19] Қараң: Мўминов Ф.А. «Журналистика ижтимоий институт сифатида» Т.Университет 2009. 4-5-бетлер.

Solay yetip, internettin’ g’alaba xabar da’regi si’pati’ndag’i’ yen’ u’lken wo’zgesheliklerinen biri, woni’n’ operativliligine qosa global tarmaqqa shi’g’i’w mu’mkinshiligi, jumi’s waqti’nda hesh kimge g’a’rezli bolmay, qa’legen waqti’nda isley beriw mu’mkinshiligi, toplani’p turg’an materiallarg’a ha’mmenin’ qoli’ jetetug’i’nli’g’i’, woni’ sheklew mu’mkin yemes yekenligi, yen’ basli’si’, ekonomikali’q jaqtan ha’mmege birdey paydali’li’g’i’, ji’ldan ji’lg’a woni’n’ qari’ydarlari’ sani’ni’n’ ha’dden ti’s ko’beyiwine mu’mkinshilik jarati’p bergenligin ko’remiz. Usi’ni’n’ na’tiyjesinde internet tarmag’i’nda on-layn baspalari’, ku’ndelikli gazetalardi’n’ ha’m jurnallardi’n’ veb-saytlari’na xabar agentlikleri, televidenie ha’m radioni’n’ internettegi xi’zmetkerleri de kelip qosi’ldi’. Sol sebepli, biz joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey, wolardi’n’ jurnalistika si’pati’nda wo’zinsheligi, jan’asha islew mexanizmi qa’liplespekte. İnternet tarmag’i’ arqali’ ma’limlemeler tarqatatug’i’n g’alaba xabar quralları’nda multimedia, operativlilik ha’m interaktivlik tiykarg’i’ maqsetke aylandi’.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ 2007-ji’li’ 16-yanvar sa’nesinde qabi’l yetken «G’alaba xabar qurallari’ haqqi’nda»g’i’  ni’zamni’n’ 4-statyasi’nda: «G’alaba xabarlardi’ ku’ndelikli tarqati’wdi’n’ turaqli’ atamag’a iye bolg’an ha’m de baspa usi’li’nda (gazetalar, jurnallar, xabarnamalar, byulletenler h.t.b) yamasa elektron usi’li’nda (tele, radio, video, kinoxronika da’stu’rler, uli’wma paydalani’wdag’i’ telekommunikaciya tarmaqlari’ndag’i’ veb-saytlar) alti’ ayda bir ma’rt basi’p shi’g’ari’latug’i’n yamasa efirge beriletug’i’n tu’ri ha’m de g’alaba xabarda ku’ndelikli tarqati’wdi’n’ basqa tu’rleri wo’z na’wbetinde, internet baspasi’ni’n’ barli’q g’alaba xabar qurallari’ si’yaqli’ xi’zmet ko’rsetiwin haqi’yqi’y jaqtan belgilep beredi».

Biz bu’gingi ku’ni internetten wo’zine wori’n ashqan g’alaba xabar qurallari’ni’n’ materiallari’n u’yrenip shi’qqani’mi’zda, wolardi’n’ veb-saytlari’nda monotematikali’q, yaki bir tematika a’tirapi’nda mag’li’wmatlar yamasa politematikali’q-tu’rli temalarda materiallar berip barg’an. Yekinshi,

wolardi'n' janrli'q wo'zgeshelikleri ha'm mazmuni'na itibar bergenimizde, jan'ali'qlar, analitikali'q resurslar, avtorli'q saytlari', kewil ashar saytlar, redakciya veb-saytlari' boli'p bo'linetug'i'nli'g'i'n, al janrlar boyi'nsha;

- İnformaciyali'q janrlar, korrespondenciya, zametka (kishi maqala), intervyu, yesap, reportaj usag'an tiykarg'i' janrlarda ko'lemli materiallardi' ko'remiz.

İnternet tarmaqlari'nda veb-sayt betleri sani'ni'n' ku'n sanap ko'beyiwi bul insanlardi'n' bul tarmaqqa za'ru'rliginen kelip shi'qqan jag'day dep bahalawi'mi'z mu'mkin. Wolarda biz joqari'da keltirip wo'tken materiallar menen birge, hu'kimetlik informaciya ma'kani'na tiyisli da'rekler, media kompaniyalardi'n' veb-resurslari', ha'r qi'yli' siyasiy ku'shler, partiyalar ta'repinen ja'riyalang'an da'rekler, biznes media materiallari' menen g'a'rezsiz, jeke veb-saytlardan da ko'p g'ana ma'limlemeler da'rekleri menen tani'si'wg'a ha'm paydalani'wg'a boladi'.

İnternet ma'kani'nda islew, jumi's ali'p bari'w jurnalisttin' zamanago'ylikti, joqari' da'rejedegi bilimdi, kerek bolsa bir neshe tillerdi woqi'p ha'm tu'sinip biliwdi, jumi'sti' texnikali'q jaqtan duri's sho'lkemlestiriwdi, alg'a qoyg'an maqset ha'm wazi'ypalarg'a yerisiwdin' jollari'n bilip men'gerip bari'wdi' talap yetedi. Wolar, tiykari'nan veb-sayt, veb-portal, jan'ali'qlardi' uzati'w ha'm mag'li'wmatlardi' tan'law usag'an xi'zmetler boli'p bo'linedi.

Veb-sayt (Web - site) – anglichan tilinde «internettegi wori'n» degendi an'latadi'. Ma'mleketimizde ko'p tirajda tarqati'latug'i'n u'lken gazeta-jurnallarda bul saytqa ha'r bir sani'n jaylasti'ri'p bari'ldi'. Mi'sali', «Халқ сўзи», «Нардное слова» gazetalari' mine usi'nday jol tutadi'.

Sho'lkemlestiriwshisi O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisi Ni'zamshi'li'q palatasi' Ken'esi. O'zbekistan Respublikasi' Oliy majlisi Senati' Ken'esi ha'm de O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Ken'esi bolg'an «Халқ сўзи» gazetasi' bu'gingi ku'nde O'zbekistan boyi'nsha 121605 nusqada

tarqati’ladi’. İnternettegi jaylasi’w worni’ E-mail: info@ xs.uz. «Нардное слова» gazetasi’ni’n’ ku’ndelikli tiraji’ 37520 dana boli’p internettegi ma’nzili: WWW.narodnoeslovo.uz. E-mail: info@narodnoeslovo.UZ. Bul gazetalar ha’ptesine bes ma’rte shi’g’ari’li’p gazetada ja’riyalang’an jan’ali’qlar toli’g’i’ menen, (gazetani’n’ bir sani’ toli’g’i’ menen) internet tarmag’i’na jaylasti’ri’ladi’. Gazeta betlerinde ma’mlekette a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalardi’n’ a’melde, is ju’zinde wori’nlani’wi’n ta’miyinlewge qarati’lg’an. Hu’kimetlik qararlar, Ni’zamlar, basqa da a’hmiyetke iye maqalalar berilip bari’ladi’. Bul mag’li’wmatlarg’a qi’zi’qqan ha’r bir adam O’zbekistannan ti’sqari’da woti’ri’p-aq gazetani’n’ veb-sayti’na kiriw arqali’ wo’zi qa’legen ma’limlemesin ali’w mu’mkinshiligne iye boladi’.

Mi’sali’: «Халқ сўзи» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l 19-aprel sani’nda gazetani’n’ birinshi betinde «O’zbekistan Respublikasi’ Konstitutciyasi’ni’n’ ayi’ri’m statyalari’na wo’zgeris ha’m qosi’mshalar kirgiziw haqqi’nda (78, 80, 93, 96 ha’m 98 statyalarg’a)» O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ni’zami’ (2011-ji’ldi’n’ 18-aprel sa’nesi menen O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti tasti’yi’qlag’an) «O’zbekistan Respublikasi’ Konstitutciyasi’ni’n’ ayi’ri’m statyalari’na (78, 80, 93, 96 ha’m 98 statyalarg’a)g’i’ O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’ni’n’ qabi’l yetilgenligi mu’na’sibeti menen O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ayri’m qosi’mshalar kirgiziw haqqi’ndag’i’ O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’, «Fermer xojali’qlari’n qayta sho’lkemlestiriw ha’m wolardi’n’ jer maydanlari’n optimallasti’ri’wda ni’zamshi’li’qti’ yengiziw is ilajlari’ haqqi’nda O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Perzidenti pa’rmani’, sonday-aq, «Wzbekiston turizm salohiyati» xorijlik sayyohlarni yanada maftun etmoqda» atamasi’ndag’i’ maqalalari’ berilgen. Bunday mag’li’wmatlar menen ha’r bir puqara internetke jalg’ang’an kompyuter aldi’nda woti’ri’p ali’p tani’si’w mu’mkinshiligine iye.

Bu’gingi jurnalistler tek g’ana baspaso’z, televidenie, radio jurnalistika tarawi’na qa’nigelesip g’ana qoymastan, al, internet g’alabali’q xabar jetkeriw

quralı'nda xi'zmet isley alatug'i'n da'rejedegi qa'nige si'pati'nda da tayarli'qtan wo'tiwi kerek. Zamanago'y jurnalistten usi' ma'seleler boyi'nsha qosi'msha biliw, do'retiwshilik talap yetiledi.

Arxivlerden ha'r bir woqi'wshi' bunnan buri'ng'i' basi'lg'an materiallar tawi'p woqi'wi' mu'mkin. Saqlawli' turg'an materiallar, ko'binese, sali'sti'ri'w, teren' analiz jasap, u'yreniw ushi'n qi'zi'g'i'wshi'li'q woyati'wi', wonnan qosi'msha mag'li'wmatlar ali'w ushi'n da kerek boli'wi' mu'mkin. Fotosu'wretler toplami'nan bolsa, uli'wma dizayn, maqala foni'n bayi'ti'w, woqi'wshi'g'a qosi'msha woy sali'w ha'm basqada maqsetler ushi'n paydalani'ladi'.

İnternet materiallari'ni'n' tez tarqali'wi' ha'm wondag'i' informaciyalardi'n' a'hmiyetliligi, adamlardi'n' internetke bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n arti'wi'na basli' sebep bolmaqta. Sonli'qtan ken' ja'miyetshilik ushi'n biliwi tiyis bolg'an mag'li'wmatlardi' internet arqali' ali'p wo'z woqi'wshi'lari'ni'n' na'zerine usi'ni's yetiw ko'pshilik gazeta-jurnallar ushi'n da'stu'rge aylani'p barati'r. Wolar «İnternet materiallari'nan», «Sport internet», «İnternetten mag'li'wmatlar», «Baspaso'z materiallari'» ha'm tag'i' basqa rubrikalardan paydalani'p kelinbekte.

Qaraqalpaqstan baspaso'zi mi'sali'nan ko'retug'i'n bolsaq, «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari' bul ta'jiriybelerden ken' qollanadi'.

«Erkin Qaraqalpaqstan Xali'q arali'q ma'selelerge ko'birek itibar qarati'p ha'zirgi waqi'tta shiyelenisken ma'selerdin' sheshimine tu'sinik beretug'i'n ma'limlemelerge ko'birek wori'n aji'ratqan.

2008-2009-2010-ji'llar arali'g'i'nda «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi' derlik ha'r bir sani'nda «Du'nya jan'ali'qlari'» rubrikasi' asti'nda internet materiallari'n berip barg'anli'g'i'ni'n' gu'wasi' bolami'z.

Bul internet materiallari' qi'sqa ani'q boli'p, informaciyali'q xarakterge iye. Al tematikasi' wog'ada ra'n'ba'-ra'n yekenligin ko'remiz. Bul internet

materiallardi’n’da xali’q arali’q ma’selelerden tarati’p, kitap jan’ali’g’i’, ma’deniyat, ta’biyat, ekoligiyali’q mashqalalar haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar berilip bari’lg’an. Materiallardi’n’ qi’sqa boli’wi’ woqi’wshi’ni’ zeriktirmey, tez qabi’l yetiwine mu’mkinshilik jaratsa, su’wretli materiallardi’n’ beriliwi maqalani’ tarti’mli’ yetip turadi’.

Bul da’stu’r «Vesti Karakalpakstana» gazetasi’nda da jaqsi’ jolg’a qoyi’lg’an boli’p, derlik gazetani’n’ ha’r bir sani’nda «Novosti Planeti’» rubrikasi’ asti’nda İnternet jan’ali’qlari’n berip barmaqta. Bunda da xali’q arali’q jag’day, da’bdebeli waqi’yalar, ilimdegi, ma’deniyattag’i’ jetiskenlikler haqqi’nda basli’ is itematika yetip ali’ng’an. Mi’sali’, «Vesti Karakalpakstana» gazetasi’ni’n’ 2011-ji’l 7-may sani’nda «V ni’neshni’m godu voloneri’ razdadut 13 mln georgievsix lent», «Novelevskaya laureat budet torgovi’y testom na storenie», «Kartina Laurensa Alma Tademi’ prodana za 29 mln dollorov» atamasi’ndag’i’ İnternet materiallari’ jayg’asti’ri’lg’an. Ko’rip wo’tkenimizdey «Vesti Karakalpakstana» gazetasi’ İnternet materiallari’ni’n’ gazeta woqi’wshi’lari’na jeterlishe mag’li’wmatlar berip bari’wg’a ha’reket yetken. Bul wo’z gezeginde gazeta woqi’wshi’lari’ni’n’ ha’r dayi’m ku’tip woti’ratug’i’n, qi’zi’g’i’p woqi’ytug’i’n rubrikasi’na aylang’anli’g’i’n ko’remiz.

Qaraqalpaqstan baspaso’zinde İnternet materiallari’nan paydalani’wg’a ayri’qsha wori’n aji’ratqani’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z. Bul bag’darda «Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana», «Qaraqalpaqstan jaslari’», «Ustaz joli’», gazetalari’ wo’nimli paydalang’an. Gazeta betlerinde belgili jurnalistlerden Sag’i’ndi’q Janiev, Qoni’sbay Reymov, Worazbay Sa’tbaev, Shu’kirbay Sipatdinov, Dawi’t Habibullaevlardi’n’ du’nya sporti’ndag’i’ jetiskenlikler boyi’nsha tayarlag’an İnternet materiallari’ ken’ ja’miyetshilik ta’repinen u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q penen qabi’l yetilip ati’rg’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda jurnalist Sag’i’ndi’q Janiev ta’repinen «İnternet-sport» rubrikasi’ asti’nda turaqli’ tu’rde maqalalar tayarlani’p berilip

bari'lg'an. «Bir-birine uqsas woyi'nlar» («Erkin Qaraqalpaqstan» 2011-ji'l 30-aprel) maqalasi'nda Evropa chimpionlar ligasi' turnirinin' da'slepki yari'm finalli'q ushi'rasi'wlari' informaciyali'q mazmunda berilgen. Tayarlang'an İnternet materiallari', qurg'aq, tek so'z benen yemes al, sol sport woyi'nlari'n ko'rsetetug'i'n su'wretler menen tarti'mli' yetip berilgen.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi' 2008-2009-ji'llar arali'g'i'nda «Si'rli' A'lem» rubrikasi' asti'nda du'nyada boli'p ati'rg'an tan' qalarli'q waqi'yalar haqqi'nda berip barg'an. A'lbette, bu'gingi internettin' mu'mkinshlikleri sheksiz. Wolardag'i' portallar menen Veb-saytlar insan woqi'p, u'yrenip bola almaytug'i'n da'rejede ko'p, gazeta redakciyalari' wo'z woqi'wshi'si'ni'n' itibari'n wo'zine qarata alatug'i'nlari'n g'ana iriklep aladi'. Gazeta woqi'wshi'lari' du'nyada ju'z berip ati'rg'an si'rli' a'jayi'batlarg'a qi'zi'g'i'wshan' keledi. Gazeta redakciyasi' bul ma'selelerdi na'zerden shette qaldi'rmag'an.

Jurnalist S.Janievti'n' «Bu'rkit uyasi'nda wo'sken qi'z» («Erkin Qaraqalpaqstan» 2008-ji'l 20-sentyabr), jurnalist P.Xojamuratova ta'repinen tayarlani'p «Tabani'n' tartpay tursa» («Erkin Qaraqalpaqstan» 2008-ji'l 11-sentyabr), jurnalist R.Qi'di'rbaeva ta'repinen tayarlang'an «Si'rli' a'lem» rubrikasi'ndag'i' a'jayi'batlar haqqi'ndag'i' maqalalari' («Erkin Qaraqalpaqstan» 2008-ji'l 29-may) İnternet materiallari' tiykari'nda tayarlang'an.

Juwmaqlap aytqanda, Qaraqalpaqstan baspaso'zinde ja'riyalani'p ati'rg'an İnternet materiallari'ni'n' tematikasi' ko'birek xali'qarali'q jag'daylar, sport, ma'deniyat, kino, biznes ha'm a'jayi'batlar ha'm tag'i' da basqa bag'darlarda yekenliginin' gu'wasi' boldi'q. Bizin'she, bul bag'darda gazeta redakciyalari'nda ken'irek jumi's ali'p bari'w mu'mkinshilikleri bar. Sebebi, insaniyat ushi'n mashqalalar shegara bilmeydi.

İnternet materiallari'ni'n' janrli'q wo'zgesheliklerine keletug'i'n bolsaq, ko'birek informaciyali'q xarakterdegi, sonday-aq, sholi'w, analitikali'q

maqalalarg’a itibar qarati’lg’an. Ko’rip wo’tkenimizdey ocherk janrlari’ da ushi’rasadi’.

## Juwmaqlaw

İnformaciya a’siri dep atalg’an XXI a’sirde ma’limleme tarqati’wda g’alaba xabar qurallari’ni’n’ ishinde baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ da ayri’qsha worni’ bar yekenligine so’z joq. Sonli’qtan da, biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda «Baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tipologiyasi’» (tu’rlerin) ma’selesin u’yreniwge bel bayladi’q ha’m de maqsetimizge yeristik. Bu’gingi globallasi’w processi g’alaba xabar qurallari’ tarmaqlari’nda da da’stu’riy ha’m de zamanago’y jurnalistika degen tu’sinikti payda yetti.

İlim ha’m texnikani’n’ jedel pa’t penen rawajlani’wi’ du’nya ju’zinde wog’ada ku’shli informaciya ag’i’mi’n ju’zege shi’g’aradi’. Na’tiyjede du’nyani’n’ qaysi’ bir mu’yeshinde ju’z berip ati’rg’an waqi’ya ha’m ha’diyse sanawli’ minutlardan son’ jer shari’ni’n’ qa’legen tochkasi’na jetip bari’wi’ bu’gingi a’wladti’n’ hesh birin tan’landi’rmaydi’. Bu’gingi ku’nde O’zbekistanda 10 millionnan aslam adamlar İnternet tarmag’i’na baylani’si’w mu’mkinshiligine iye. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda jasawshi’ puqaralar da internet tarmag’i’nan yerkin paydalani’w, veb-saytlarg’a iye boli’w ha’m de portallardi’ ashi’w mu’mkinshiliklerine iye bolmaqta. Adamlar a’lle qashan ko’nligip bolg’an televidenie, radio, gazeta ha’m jurnallar, kitap baspalari’ si’yaqli’ g’alaba xabar qurallari’ menen bir qatarda ja’miyetke massali’q kommunikaciya-informaciya almasi’wi’ qurali’ si’pati’nda internet kirip keldi. İnternet qa’legen auditoriya ushi’n g’alaba xabar qurallari’ni’n’ yen’ ta’sirshen’ tu’ri si’pati’nda sheklenbegen mug’darda informaciya ha’m xi’zmetlerden paydalani’w imkaniyati’n jarati’p berdi.

Mine, usi’nday globallasi’w processinde baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ xi’zmeti qalay bolmaqta, wolar zaman talaplari’na sa’ykes jumi’s ali’p bari’w mu’mkinshiliklerine iye me, bu’gingi baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tipologiyasi’ qay da’rejede qa’liplesip u’lgerdi, zamanago’y (internet) jurnalistikasi’ni’n’ ju’zege keliwi menen baspa g’alaba xabar qurallari’, gazeta

jurnallar bir jetke shi’g’i’p qalmadi’ ma? – degen sorawlar do’gereginde izlenisler ali’p bardi’q. Haqi’yqati’nda da, bu’gingi baspa xabar qurallari’ni’n’ gazetalar, jurnallar, kitap baspalari’) jumi’slari’n sho’lkemlestiriw, wolardi’n’ g’alabali’g’i’na yerisiw wog’ada quramalasi’p, qi’yi’nshi’li’q penen a’melge asi’ri’li’p ati’rg’anli’g’i’ ma’lim boldi’. Ayi’ri’m gazetalarda (sho’lkemlestiriwshisinin’ mu’mkinshilikleri ken’ bolg’an, ma’selen, «Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana», «Jetkinshek», «Qoraqalpog’iston tongi» h.t.b.) bul process talap da’rejesinde ali’p bari’li’p wo’zlerinin’ auditoriyasi’n uslap turi’w mu’mkinshilikleri saqlap qali’nbaqta. Ma’selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ tiraji’ (2014-ji’l ushi’n) 10.000 nan aslam, «Jetkinshek 8 mi’n’nan aslam, «Qoraqalpog’iston tongi» 5 mi’n’g’a jaqi’n tirajg’a iye. Al, ayi’ri’m gazetalarda (bularg’a qalali’q ha’m rayonli’q gazetalar kiredi) woqi’wshi’lar auditoriyasi’n uslap turi’w, ekonomikali’q-finansli’q jag’daylardi’ jaqsi’law qi’yi’n keshpekte. Qaraqalpaqstan baspaso’zin u’yrener yekenmiz, qa’nigelesken ha’m de tarmaqli’q gazetalardi’n’ mu’mkinshiliklerinin’ ko’beygenligi ko’zge taslanadi’.

Ma’selen, Qaraqalpaqstan prokuraturasi’ni’n’ «G’a’rezsizlik ha’m ni’zam», gazetasi’ ji’l dawami’nda 20.000 nan aslam tirajda, «Ti’ni’shli’q saqshi’si’» gazetasi’ 6.000 g’a jaqi’n, «Ma’deniyat ha’m sport» gazetasi’ bes mi’n’ni’n’ a’tirapi’nda.

XXI a’sir informaciya a’siri si’pati’nda ta’n ali’ni’p ati’rg’an bu’gingi ku’ndegi basli’ ma’selelerdin’ biri, kompyuterlesken zamanago’y texnologiyalari’ni’n’ jetiskenliklerin teren’nen u’yreniw ha’m a’meliyatqa yengiziw boli’p tabi’ladi’. Bul arqali’ ma’mleketimizde jasap ha’m miynet etip ati’rg’an ha’r bir puqarani’n’ informaciya ali’wg’a bolg’an konstituciyali’q huqi’qlari’n ta’miyinlegen bolami’z. Bu’gingi Qaraqalpaq jurnalistikasi’ni’n’ aldi’nda turg’an wazi’ypalar da mine usi’lar. Sebebi, du’nya ju’zilik kompyuter tarmag’i’ wo’zinde sheksiz informaciya ha’m mag’li’wmatlardi’ ja’mlew, woni’ kereginshe tarqati’w mu’mkinshiliklerinin’ arti’wi’ internettin’ g’alaba xabar

da’regi ha’m qurali’ si’pati’nda ja’ne de yen’ jayi’wi’na, g’alabalasi’wi’na mu’mkinshilikler jarati’p bermekte. Solay yeken, bu’gingi gazetalar mine usi’ juwapkershilikli wazi’ypalardi’ jen’ip, wo’z auditoriyasi’n, woqi’wshi’lari’n saqlap qali’wi’ ushi’n gu’res ali’p bari’wi’ za’ru’r.

G’alaba xabar qurallari’ni’n’ yen’ a’hmiyetli tu’ri bolg’an gazetalar wo’z na’wbetinde bir neshe tu’rlerge bo’linip O’zbekistan baspa alaba xabar qurallari’ da bul tu’rlerden jeterlishe paydalani’p kiyati’rg’ani’n ko’remiz. Wolar:

1) Ja’miyetlik siyasiy gazetalar.

*2)* Qa’nigelesken gazetalar

*3)* Tarmaqli’q gazetalar

Bul bag’dardag’i’ gazetalardi’n’ teoriyali’q negizlerin ha’m de du’nya ju’zilik rawajlani’w ta’jiriybelerin professor Fayzulla Mwminovti’n’ «Jurnalistika ijtimoiy institut sifatida», professor Muxtar Xudayqulovti’n’ «Jurnalistika va publicistika», tariyx ilimlerinin’ kandidati’, docent D.Bekbawlievti’n’ «Gazeta qalay shi’g’adi’?», professor Qudrat Ernazarovti’n’ «Reportyorlik foaliyatining nazariyasi va amaliyoti» miynetleri arqali’ u’yreniwge ha’reket yettik.

Gazetalar ha’r bir ma’mlekettin’ territoriyali’q basqari’wshi’li’q ko’z-qarasi’nda da tu’rlerge bo’linetug’i’nli’g’i’n bul tu’rlerde O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan baspa g’alaba xabar qurallari’na ta’n qubi’li’s yekenligine isendik: Wolar:

1) Worayli’q gazetalar (Bizde respublikali’q dep ju’ritiledi).

*2)* Wa’layatli’q gazetalar

*3)* Qalali’q gazetalar.

*4)* Rayonli’q gazetalar

*5)* Ka’rxana, sho’lkem gazetalari’

*6)* Diywali’ gazetalar

Territoriyali’q gazetalarg’a bo’liniwshi gazetalar du’nyali’q ko’lemde ha’m wo’zi shi’g’i’p turg’n ma’mlekettin’ turmi’si’ndag’i’ waqi’yalardi’n’ yen’

a’hmiyetlilerin jari’ti’p bari’wi’ menen birgelikte wo’z territoriyasi’ni’n’ ja’miyetlik-siyasi’y, ma’deniy-ma’nawiy turmi’si’n ken’ tu’rde sa’wlelendiriw menen birge ma’mleket turmi’si’n, ekonomikali’q, jetiskenlikler menen mashqalalari’n ha’r ta’repleme xabardar yetip bari’wdi’ wo’z juwapkershiligine aladi’.

Bunday gazetalarg’a «Халқ сўзи», «Narodnoe slova», «Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana», «Qoraqalpog’iston tongi» ha’m tag’i’ basqa gazetalar kiredi. Bunday gazetalardi’n’ du’nyali’q rawajlang’an ma’mleketlerinde de bar yekenligine isendik. Wolardi’n’ da ta’jiriybelerin u’yrendik.

Gazetalar ku’ndelikli. ha’ptelik, ayli’q boli’p ta bo’linip, wolardi’n’ ko’lemi (betleri) yeki betten 100 betke shekem ha’tte wonnan da ko’birek boli’wi’ mu’mkin.

Ko’rinip turi’pti’, g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tiykarg’i’ tu’rleri bolg’an gazetalar wo’z na’wbetinde bir neshe tu’rlerge, ko’rinislerge iye boladi’ yeken. Bul gazetalardi’n’ ja’miyetlik turmi’sti’ ha’r ta’repleme jari’ti’p bari’wg’a mu’mkinshilik beredi. Wo’z g’a’rezsizligine yerisken respublikami’zda gazetalardi’ shi’g’ari’w isi wog’ada tez, jedellik penen rawajlani’p, du’nyadag’i’ yen’ u’lken, iri ma’mleketlerdegi gazeta shi’g’ari’w wo’lshemleri da’rejesine jaqi’nlasi’p kiyati’rg’anli’g’i’n ko’remiz. Bul O’zbekistana yele baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ keleshegi ku’shli yekenliginen derek beredi.

# Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi:


1. Каримов И. «Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққийет йўли». I том. Тошкент, «Ўзбекистон», 1996.

2. Каримов И. «Елимизди модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийет қурыў ең әҳмийетли мақсетимиз». «Еркин Қарақалпақстан» 2001-жыл, 30-январь

3. Каримов И. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнe де жетилистириў ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў концепциясы. «Еркин Қарақалпақстан», 2010-жыл, 16-ноябрь.

4. Каримов И. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш». Тошкент, «Ўзбекистон» 2009 й.

5. Ўзбекистон Республикасининг Конституциясига шарҳ. Тошкент, «Ўзбекистон» 2008 й.

6. Ахборот ва ахборотлаштиришга оид норматив ҳужжатлар тўплами. Тошкент, «Адолат» 2008 й.

7. Абдуазизаова .Н.А. «Миллий журналистика тарихи». I том. Тошкент, 2008 й.

8. Абдуазизаова .Н.А. «Миллий журналистика тарихи». II том. Тошкент, 2008 й.

9. Калмыков А.А., Коконова А.А.«Интернет журналистика». Москва, Юнити 2005 г.

10. Рашидова Д.К.«Ҳозирги замон журналистикаси». Т., «Алоқачи» 2008 й.

11. Уснатдинов Ш. «Журналистикаға кирисиў». Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009-ж.

12. Маматова Я.М. «Современная периодическая печать Ўзбекистана: система, тематика, тенденций и проблемы функционирование.

13. Дўстмухамедов Х. «Журналистнинг касб одоби муаммолари». Т., «Янги аср авлоди». 2007.

14. Рашидова Д.К. «Интернет в Узбекистане: возможности и проблемы». Т., 2003.

15. Мўминов Ф.А. «Журналистика ижтимоий институт сифатида». Т., ТашДУ. 1998.

16. Ворошилов В.В. «Журналистика». М., 1999.

17. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 2008-2009-2010-2011-жыл санлары.

18. «Вести Каракалпакстана» газетасы. 2010-2011 жылғы санлары.

19. «Устаз жолы» газетасы. 2010-2011 жылғы санлары.

20. «Қарақалпақстан жаслары». 2011-жылғы санлары.

21. www.narodnoeslovo.uz E-mail: info@narodnoeslovo.uz.

22. E-mail: info@xs.uz

23. www.erkinkk.kr.uz E-mail: erkinkk.bk.uz

24. www.krjaslari.uz

25. ustazjoli-kk@mail.ru

26. www.interfutbol.uz

## Ra’smiy a’debiyatlar ha’m hu’jjetler:

1. Журналистлик фаолиятини ҳимоя қилиш тўғрисида. ЎзР Қонуни. Тўртинчи ҳокимият. Ўзбекистон Республикасининг қонунлари, қарорлари ва бошқа ҳүжжатлари тўплами. Тошкент, «Меҳнат», 2003, 45-бет.

2. Ахборот эркинлиги принциплари ва кафолатлари тўғрисида. ЎзР қонуни. Ўзбекистон Республикасининг қонунлари, қарорлари ва бошқалар тўплами. «Меҳнат», 2003, 37-бет.

3. Оммавий ахборот воситалари тўғрисида (янги таҳрири). ЎзР Қонуни. «Халқ сўзи» газетаси, 2007, 16-январь.

4. Ноширлик фаолияти тўғрисида. ЎзР қонуни. Тўртинчи ҳокимият. Ўзбекистон Республикасининг қонунлари, қарорлари ва бошқа ҳужжатлари тўплами. Тошкент, «Меҳнат», 2003, 52-бет.

5. Муаллифлик ҳуқуқи ва турдош ҳуқуқлари тўғрисида. ЎзР қонуни. Тўртинчи ҳокимият. Ўзбекистон Республикасининг қонунлари, қарорлари ва бошқа ҳужжатлари тўплами. Тошкент, «Меҳнат», 2003. 89-бет.